№31 (19915) hakikat_gazeta istina@etnomediadag.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ!

# ХIакъикъат

МагIарулазул республикаялъулаб газета

16 август 2024 с. рузман

ОЛИМПИАДА - 2024

## «Къурулъ къабурал магIал»









Парижалда ахиралде щвана роолал Олимпиадаялъул хIаял. КигIан берцинлъиялда тIобитIизе хIаракат бахъаниги, камичIо гьелда сверухъ гIалагъважаги ахIи-хIурги. Амма гьелъул бицинаро, бицине хIажатги гьечIо. Абила гьениб мустахIикъаб лъалкI танин нилъер ракьцоязилан. Меседил медалалги росун, Олимпиадаялъул чемпионаллъун рахъана ЦIумада районалъул Инхокъвариса МухIамад Рамазановги, Хьаргабиса АхIмад Тажудиновги, Хасавюрталдаса Разамбек Жамаловги.

*(Хадусеб 2-аб. гьумералда)*

РУЦIЦIЕН

## «Божизе бегьила гьаб дир халкъалда»




Нилъ руго магIарулал. «Рельи-хъуй гьечIого рохизеги лъалел, магIу чвахичIого гIодизеги лъалел». Гьедин хъвана халкъияв шагIир ХIамзатил Расулица. Гьединаллъун лъала нилъ ватIан бахун къватIирги. Гьединаллъун хутIила нилъ магIарул мацIги, цIарги, маданиятги чIаго ругебгIан мехалъ. Гьеб пикру жеги щулалъана арал гIодоркъояз Шамил районалъул Гьолокь росулъ букIараб тадбиралдаса хадубги. 10 ва 11 августалда гьениб тIобитIана магIарул мацIалъул мугIалимзабазул санайилаб руцIцIен.

*(Хадусеб 3-аб. гьумералда)*

МАДАНИЯТ

### Тухчаралдаса бахIарчияй ГIатикат-кIодо



4 гьум. >>>

ХЪИЗАМ

### КIудияв инсул нухдасан



7 гьум. >>>

ГIАДАМАЛ ВА ГIАМАЛАЛ

### РекIел пикрабазул гучаб карачел



13 гьум. >>>

# «Кьурулъ кьабурал магIал»

*(Байбихьи 1-себ гьумералда)*

Гьел лъабалго ккола легионерал: цояв Болгариялъе, цогидав Бахрейналъе, лъабабилев Узбекистаналъе гIоло церерахъунел. Нилъер гугарухъабазул тIаса бищараб команда Парижалъул хIаязда гIахьаллъичIо. Гьелъул чанцIулго бицана, такрар гьабизе хIажалъи гьечIо.

МухIамад Рамазановас бергьенлъи босана 86 килограммалъул цIайиялда. 97 килограмм цIайиялда бергьана АхIмад Тажудинов.

Бащдаб финалалда гьес тIокIлъи босана США ялъул бищун цIар рагIаравречIчIухъан Кайл Снайдерида тIад. Киназдаго ракIалда батила, гьоркьиса Белградалда, дунялалъул чемпионаталда АхIмадица гьев 10:0 хIисабгун кьезавун вукIараб куц. Доб мехалъго гьесда цIар чIвана Дагъистаналдаса «ЦIияв Танк» абун. Аслияв «Танк» - ГI. СагIадулаев Парижалде виччачIо. Гьединлъидал киназулго пикруги кIварги буссун букIана АхIмадиде.

Мазгарул медалазе мустахIикълъана Грециялъе гIоло цеве вахъарав Даурен Куруглиев, Азербайжаналъе гIоло цеве вахъарав МухIамадхан МухIамадовги.

Тхэквондоялъул рахъалъ гIарцул медаль щвана Азербайжаналъул цIаралдасан цеве вахъарав ТIелекь росулъа Гьашим МухIамадовасе.

*Ашахан ЮСУПОВ*

# Бюджеталъул гIарац харж гьаби

**ДРялъул хIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас тIобитIараб данделъиялда борхараб аслияб суал букIана анкьго моцIида жаниб республикаялъул бюджет кин ва сундуе харж гьабураб абураб.**



Байбихьуда гьес абуна, 2024 соналда жаниб налогазул ва налогал гуребги гIарцул 25 миллиардалдасаги цIикIкIун гьурущ бачIанин бюджеталде. ТIадкъараб план 97 проценаталъ тIубазабун буго. Араб соналъул гьабго заманалде дандеккун, 1,7 миллиардалъ цIикIкIун буго бачIараб гIарцул къадар.

Республикаялъул бюджет хIалтIизабиялъул бицани, тIоцебесеб августалде 102 миллиард хIалтIизабун буго. Счетазда хутIараб бюджеталъул гIарцул халгьабуни, цIикIкIун гIарац хутIун буго ДРялъул Лъай кьеялъул, Сахлъи цIуниялъул, БакIал раялъул министерствабазул счетазда.

Дагъистаналъул премьер-министрас гьел гIуцIабазул нухмалъулезда тIадкъана къокъаб болжалалда жаниб тIуразе кколел пачалихъиял программаби, миллияб проектал рагIалде рахъинарейин ва бюджеталъул гIарац бихьизабураб болжалалда ва нухда харж гьабеян.

# ЧвахунцIадазул зарал

**Дагьал церегIан къоязда магIарухъ рана гьалагал цIадал. Гьез зарал гьабуна нухазегун кьоязе, гIадамазул рукъазабазе ва ах-хуралъе. Аслияб зарал ккун буго ЦIумада районалъул росабазе. ЦIадаца гьабураб заралалъул ва хадубккунги цIуна-къай гьабизе ккеялъул бицун тIобитIараб данделъиялда районалъул нухмалъулев Шамил ГIумаровас баян кьуна росабалъ лъие кинаб зарал гьабурабали.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна ДРялъул МЧСалъул ва Нухазулгун транспорталъул министерствоялъул вакилзабаз. Ккараб заралалъе къиматги кьун, къокъаб заманалда киналъулго хIасил гьабизе кколин абуна Ш. ГIумаровас. Гьединго ток сварал, нухал, кьоял хвезарурал росабалъ шартIал чIезариялъе хехал тадбирал ратизе кколинги лъазабуна.

Дагъистаналъул премьер-министр ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас тIобитIулеб данделъиялдаги лъазабуна ЦIумада районалде, цIадазгун иххаз гьабураб заралалъухъ балагьизе ва къимат кьезе специалистал ритIизе ругин.

*ПатIимат МУХIАМАЕВА*

# Рищни ва анкьил болжал

**ДРялъул бетIер Сергей Меликовасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIараб данделъиялда бицана ихтияр гьечIого бакIал ралел ва ракьал хIалтIизарулел рукIиналъул хIакъалъулъ.**

**Данделъиялъул байбихьуда С. Меликовас абуна гIадамазул гIарзал ругин минаби ралаго нахъе хутIулеб рищни-къул бакIарулеб гьечIолъиялда тIасан.**



Анкьида жаниб гьеб суал роцIинабизе ккolин, гурони гьелъул жавабиял тамихIалде цIазе ругин лъазабуна республикаялъул бетIерас.

«Шагьаралда рищни-къул бакIариялъул суал тIубазе биччараб гIарац буго. Гьеб битIун хIалтIизабуни, кколеб техникаги босани, гIадамазул гIарзал рукIунаро», - ян абуна С. Меликовас.

Гьенибго бицана 2019-2020 соназда, законалъул тIалабалги сан гьаричIого бараб 457 гIемертIалаяб минаялъухъ халгьабунин. Гьелъул баян кьолаго, республикаялъул хIукуматалъул нухмалъулесул заместитель Манвел Мажонцица абуна, гьединал минаби лъабго бутIаялде рикьун ругин.

«ГIурччинаб» бутIа ккола, законалъул тIалабазда рекъон рарал минаби. «ТIогьилаб» – ран лъугIарал, амма хаслъи бихьизабиялъул судалъул хIукмаби рагIалде рахъинчIел. «БагIараб» зоналда руго ран рахъинчIел минаби. Гьединазда гьорлъ буго 88 гIемертIалаяб мина, - ян абуна М. Мажонцица.

### ХадурагIи

Минаби рай гурони, аскIоса гIебеде бугеб бакI къачIай, рилълъине нух тей, шартIал чIезари тIадаблъун гьечIин ккола гIемерисел минаби ралезда. Гьеб гуребги, гьениб гIумру гьабурал гIадамазул къадаралъухъ балагьун, рищниялъе къалал лъезеги, гьеб нахъе бакIаризеги тIадаблъун гьечIин ккола шагьаразул администрацияздаги.

Биччараб гIарацги бугони, хIалтIи тIад къарал гIадамалги ругони, щай гьедин букIине ккoлеб? Къойидаса къойиде шагьаразда гIадамал цIикIкIунел руго ва гьелдаго цадахъ цIикIкIуна гьезие чIезаризе кколел шартIалги. Цо къоялъниги бакIаричIого тани, рощнол цIун рукIуна къалал. Щай гьабизе бегьулареб гьеб щибаб къоялъ нахъе бакIарулеб хIал? Нахъе босарабги бухIулеб буго шагьаралдаса гIемер рикIкIад гьечIеб бакIалда. Гьелъул махIалъ лазатбахъиги гьабула гIадамазе. КигIан бицаниги кколеб хIасилги гьечIо. Гьединлъидал гьеб суал анкьида жаниб тIубазабизе букIиналдаги кинго божизе кIоларо.

*П. МУХIАМАЕВА*

# Лъай кьеялъул 20-гIанасеб къебелъи

Республикаялда ралел ва ран лъугIулел ругел лъай кьеялъул объектазул бицараб данделъиялда ДРялъул бетIер Сергей Меликовас абуна тIоцебесеб сентябралде Дагъистаналда 20-гIанасеб цIияб школалъ хIалтIизе байбихьизе бугин.

ЦIиял школал ралел рукIиналъул ва гьабсагIаталда хIалтIаби унел ругеб куцалъул хIакъалъулъ данделъиялда баян кьуна ДРялъул БакIал раялъул, архитектураялъул ва ЖКХялъул министрасул ишал тIуралев Бахтияр Уллаевас.

Жакъа кьоялде 6 школалъе щун буго лъай кьеялъулаб хIалтIи гьабиялъе хIажалъулеб лицензия. Гьезда гьоркьор руго 150 цIалдохъанасе бакI бугеб Сулейман-Стальский районалъул Герейхановское, 216 бакI бугеб Гъизилюрт районалъул Гъоркьияб Чирюрт, 504 бакI бугеб МухIарамкенталъул Самур, 320 бакI бугеб Лаваша районалъул УхIли, 80 бакI бугеб ЦIумада районалъул ТIисси ва гьедигIанасебго бакI бугеб Табасаран районалъул Ничрас росабазул школал.

Ункъо школа буго лицензия кьеялъул нухда: 604 бакI бугеб Хасавюрт районалъул Солнечное, 120 бакI бугеб ЦIумада районалъул Гьигьалъ, 400 бакI бугеб Догъузпара районалъул Авадан росабазул школал ва МахIачхъалаялъул №27 школалъул кьучIалда тIадеги балеб бугеб корпус.

Гьединго ран рахъарал ва хIалтIизе ричIчаялъул нухда ругезда гьоркьор руго Казбек районалъул Гертма, Гьарабудагьент районалъул Параул, Нугъай районалъул Кумли росабазул школалги.

*П. СУЛТIАНОВА*

# «Божизе бегьила гьаб дир халкъалда»

*(Байбихьи 1-себ гьумералда)*




## КечI ахIулеб буго магIарул мацIалъ

Исанасеб мугIалимзабазул руцIцIен хурхинабун букIана улкаялда лъазабураб Хъизамалъулаб соналда. «Дир хъизан, дир хъала» абун чIахIахатIалъ хъвараб стендги букIана сценаялда нахъа чIван.

Тадбир рагьана Авар мацIалъул мугIалимзабазул ассоциациялъул нухмалъулей Баху МухIидиновалъ. Цинги гьелъ цере ахIана исанасеб руцIцIеналда гIахьаллъи гьабизе рачIарал щибаб районалъул кьокьабиги.

Дун лъугьинаро сценаялда кIалъазе рахъанщинал гIадамазулги, гьез биццанщиналъулги хIакъалъулъ нужее бицун хабар чIамучI гьабизе. Киназго бицунеб букIана жакъа магIарул мацIалъул гьабулеб гьечIеб къиматалъул, школазда гьелъие рихьизарурал сагIтал дагь гьарулел рукIиналъул.

## Къали-жергъен кьабун кьурдана лугбал

Тадбиралъул тIоцебесеб къоялъул бищун гвангъараб ва аваданаб бутIалъун букIанин абизе бегьула, иснасеб руцIцIен тIобитIизе тIаде босарал Шамил районалъул искусствоялъул хIаракатчагIаз хIадур гьабун батараб бертадулаб сцена. Гьеб къоялъ гьениб бихьизабуна умумуз бертаби кин тIоритIулел рукIаралали бицунеб гьитIинабго сценкаги. ХъахIаб чухъа ретIарав, къамартIав бахIаравги, бадиб гормендо бигъун гьудулзабаз сверун ккурай бахIарайги рачIана сценаялде. Хадуб бертадул рахъалъ цо-цо вакилги цо-цо рахъалде витIун, щибаб магIарул мухъалдаса берталъе ахIун бачIана чанго жамагIат. Пулъураб сухIмат. Жергъен кьабун ахIулеб кечI, магIарул пандрида халкъиял бакънал, щобалги гIоралги гIенеккуледухъ сверухълъиялда цIар арал кочIохъабаз ахIулеб магIарул сарин, магIарул эбелаб бакъан. Гьеб кинабго ракIалде щун цоязул каранда ракI гIодизабуна, чангиязул бадиб магIу ххулун батилеблъиги лъала. РакIалдещвеязул щенон балеб цIадалъ лазаталда риччизеги гьарун, умумузул заманалде нахъги руссун, гIемераб жоялъул хIисаб гьабизе тIамуна къелдерил ва гьидерил гIадаталда рекьон гIуцIараб бертадул сураталъ.




Хадуб букIана хинаб роол сордо, гIисинккун балеб цIад, амма гьеб цIад жидер гIадатIе гурин балеб бугеб, гьелъ нилъ дагьабги ихтилат-кепалде гьорлъе жураян абулеб бугин гьелъин къабул гьабурал, сухIмат хириял гIадамал. Сценаялде хис-хисун лаго зурмагун, бухулаго жергъенгун тIаде щвана багва-чIамалалги, къаралалги, хьергебги, тIалъиялъул вакилзаби - хунзги, бакълъулазул вакилзаби - Гумбет районалдаса гьалбалги. Киналго рачIана жидерго умумузул кечI-бакъангун, кьурди-хъатгун. СагIатгун бащдалъ лъикIаб ихтилат букIана сценаялда. Гьеб заманалда жаниб чанги чи ракIалдещвеяз вачана жидерго лъимерлъиялде. Киназдаго цебетIамуна рикIкIада хутIараб бахIарлъи, бахIарал гьарураб сордо, гьасде рачин, рагьтIа къали, къетIа зурмаги рачIунел кочIохъаби, кьурдул бакъаналда гьез ахIулеб кечI, кьурдулеб гIалам. Анлъго сагIаталъ кьотIичIо кочIол сас, кьурдизе гIащикьго рукIарал гIадамалги чIечIо гIодор.




Гьелда хадуб букIана гIурдада бакараб цIа, гьелда тIаде бежулеб, белъунеб гьан. ЦIа сверун ракIарарал гIадамал ва ахIулел кучIдул. Гьединаб аваданаб сордо букIана Гьолокь: Авар гIурул рагIалда, рохьил рацIцIалъиялда.

Рогьалил как ахIулев гьакьадерил будунасул гьаракьалъ биххизабуна гьеб сордоялъул сагьвиллъи. Рогьалил какал ран хадуб рещтIана сверухъ сихIкьотIи.

## Огь, магIарухъ сордо…

Хехго борчIана магIарул росу макьидаса. Бакъул чIораца саламги кьун макьидаса ригьинаруна руцIцIеналъул гIахьалчагIи. ТIабигIаталда базе щвараб сордоялъул батIияб букIуна черхалъе гьабулеб асар, черхго чIаголъизабула гьелъ. Гьедин абулеб рагIулаан, гьумер-кIалги чурун самоваралда нахъа гIодор чIун цоцадехун гарачIварулел гIадамаз.

СагIат анцIила цоялдехун байбихьи лъуна тадбиралъул кIиабилеб къоялъул бутIаялъе. Гьенир жидерго кечI-бакъангун цере рахьана щибаб районалдаса искусствоялъул хIаракатчагIи. Умумузул бакъназда кучIдул ахIана Гъуниб районалъул вакил КъурамухIамад Садикъовас, Хунзахъ районалъул Уздалросулъа Чаран СултIанбеговас. Фазу ГIалиевалъул рагIабазда магIарул чIужугIаданалъул унго-унгояб сипатгун тIабигIат бихьизабураб кечI ахIана хунздерил булбулал ГIайшат Тажудиновалъ ва АхIсарат ХIайбулаевалъ. ЛъикIаб церерахьин букIана ЧIарада, Гумбет, Гъуниб ва Болъихъ районазул, МахIачхъала шагьаралъул мугIалимзабазул къокъаялъул.

Къалъудаса хадуб хисана гьавабакъ, чIегIерал накIкIаз цIуна зоб ва базе лъугьана чвахунцIад.

Чвахун балеб цIадги кьотIичIо, бакъанимехги щун данделъиги биххана.

Гьедин ахиралде щвана исанасеб магIарул мацIалъул мугIалимзабазул анлъабилеб руцIцIен. ЦIалтун биччараб гIурччинхарица бацараб эбелаб ракьалдаса бахъун бачIунеб берцинаб махIги сунтIулаго, рижараб ракьалъул берцинлъиялъ асирги гьарун, гьеб асарги цоцадехун бикьулаго рукъ-рукъалде руссана магIарулал.

Макъалаялъул байбихьуда дица хъвана ХIамзатил Расулил машгьураб кочIолъа мухъал.

**«РакIал къваридалъур, бакIал гIатIидал,**
**Рукъ мискинлъаниги, намус бечедал.**
**Божизе бегьила гьаб дир халкъалда,**
**МагIарулал ругел, лъикIал гIадамал»**, - ан абурал мухъалги ккола гьебго машгьураб кочIолъа.

МагIарулал данде ракIарараб кигIан гьитIинабги дандеруссин гьеб кечIги ахIун ахиралде щола. Гьедин лъугIизабизе бокьун буго Гьолокье гьабураб сапаралдаса хъвайхъвагIайги.

*Ашахан ЮСУПОВ,*
*Гебек ГЕБЕКОВАСУЛ суратал*

# Хъачагъазе къуркьичІо

**14 августалда республикаялъул СМИязул вакилзабаз сапар бухьана чачаназул гІорхъода бугеб ЦІияб Лак районалде. Щвана 1999 соналда рагъулал лъугьа-бахъинал ккараб Тухчар росу рагІалде, гьениб бараб памятникалъухъе. Гьеб буго 1999 соналда чІварал рагъухъабазе бараб памятник.**

**Ниж дандчІвана ополченцазул цевехъанлъун вукІарав Килалъ росулъа НурмухІамад НурмухІамадовгун, ГІамир ГъалбацІовгун ва тумав Шамил Алхулаевгун.**



**Н. НурмухІамадов:**

- 1999 соналда ЦІияб Лакалде тІаде кІанцІана халкъазда гьоркьосел хъачагъал. Гьезул вукІана лъабазаргогІанасев чи. Милициялъул, ополченцазул къуват дагьаб букІиналъ, рачІинахъего гьенир чІвана гІолохъабиги милициялъул хІалтІухъабиги. Жакъа гьаб памятникги буго нилъее абадияб мисаллъун.

**ГІ. ГъалбацІов:**



- Хъачагъал Тухчар росдаде кІанцІараб къоялъ, гьеб букІана рогьалил гІуж, нижер росдал гІолохъаби, чІахІиял ва гІисинал рахъана гьезда дандечІей гьабизе. Нижеда тІадаб буго нижерго росураке цІунизе. Нилъ гьелъие рижаралги руго. Гьеб къо жакъаги кІочон гьечІо ва кІоченеги кІоларо 25 сон аниги.

**- Нужехъ ярагъгІаги букІанищ гьезде данде рагъизе?**

- Киназего гІураб ярагъ киб букІинеб? Бугеб ярагъ цоцахъе кьунги къеркьолел рукІана.

Гьединаб мехалъ щиб гьабилебали лъаларого рукІана. ТІаде кІанцІарал хъачагъазда дандечІей гьабизе букІине кколеб санагІалъиги букІинчІо ва гьеб букІана бищун квеш ккараб жо.

**- Гьениб бищун кІочонареб, ракІалда чІараб лъугьа-бахъин рехсаниги бокьилаан.**

- Доб къоялъ, кин ккарабали лъачІого, дун ккана хъачагъаздаги милициялъулаздаги гьоркьове гарачІвариял гьаризе. Росу рагІалда бугеб милициялъул посталда аскІовдун вукІана парламентариявлъун. Гьеб бакІалдаса, квешги лъикІги, нижеца рорчІизаруна 19 чи. Гьезда хадурго цогидалги. Гьенив лъукъаравги нижеца Хасавюрт шагьаралъул больницаялде щвезавуна. Гьеб букІанин абизе бегьула кІочонареб къолъун.

**- Кинха нужеца гьел нахъчІварал?**

- Хадусел къояз ярагъги балагьун рагъана ниж. Хъачагъазул гІадаб къуват нижер букІинчІониги, гІолохъабаз яхІ рехичІо. Россиялъул армиялъеги баркала буго, гьезул кумек букІинчІебани нижер щиб ккезе букІарабали лъаларо.

Жакъа бахІарчилъиялда рагъулел руго нилъер гІолохъаби Украиналдаги. Гьезги бихьизабулеб буго къуват ва хІинкъи гьечІолъи.

**- ТІаде гІолеб гІелалде щиб хитІаб гьабилеб?**



- ТІаде къо ккедал, дида ккола, гьезги бахІарчиго цІунилин ватІан. Жакъа нижер росулъа СВОялда вуго 70-гІанасев чи. Камиял ккечІогоги рукІинищха. Нилъер ватІан цо буго ва гьезги цІуничІони, гьеб лъица цІунилеб? Дица гьарула нилъер гІолохъабазе сахлъи, сабру, иман-яхІ ва бергьенлъи.

## Тухчаралдаса бахІарчияй ГІатикат-кІодо

Ниж щвана Тухчаралдаса ГІатикат Тадиевалъухъеги. Гьей ккола 1999 соналъ рагъухъан Алексей Палагаев жиндирго рокъов вахчарай кІодо. Гьелъ абулеб букІун буго къватІире рахъаян ахІи балел хъачагъазде жий киениги унарин, нижер ракьалде рачІарал нужго айин абун.

КъватІие яккарай ГІатикатида вихьун вуго лъукъарав солдат Гьелъ, рокъовеги вачун, вахчизавун вуго гьев, нагагь нахъеги хъачагъал рачІани гьезда вихьизе гурин абун. Гьесдасаги бахъун, бидуца белъараб ретІелги, гьелъги ясалъги бухІун буго хъачагъазда бихьизе гурин абун. Цинги гьелъ васасул кІудияв вас Рамазан витІун вуго тохтурасда хадув. Бажарараб кумекги гьабун буго.



«Дир кІалтІе кумек гьарун вачІарав чиясе, кинаб миллаталъул гьев вугониги, дица кумек гьабила. Дица БетІергьанасдаги гьарулеб букІана къуват кьейин дие бид вецІцІулев чиясе кумек гьабизе. Гьесги гьарулеб букІана кумек…», - ян бицана гьелъ.

ГІатикат-кІодоца Сибиралдаса солдат вахчизавун вуго нахъарокъов, тІаде кІулалги рахан. Росулъа чачанас мацІги гьабун, гьелъул рукъ бихьизабун буго хъачагъазда ва гьенире рачІун руго 16-яв. Гьез киса-кибего чІухь банги буго. Щибго батичІеб мехалъ, ГІатикат-кІодол васасул гІисинал лъималазде автоматги битІизабун, абун буго:

- Бице, кир дуца рахчарал гІурусал, - ян.

- Рокъов щивго гьечІо, - ян тІирун чІун вуго васги.

Хъачагъаз абулеб букІун буго рукъ къвагІизабилин абун. Гьеб мехалда лъукъарав гІурусасул угьди рагІидал, жанире кІанцІун руго.

Лъавуде вачІарав Алексейида циндаго бичІчІун гьечІо щиб кколеб бугебали. КІодол яс Гуляца абун буго гьесда мун гьез больницаялде вачунев вугилан. Гьес, габунисаги бахъун, жетон кьун буго гьелъухъе, гьаб военкоматалде щвезабеянги абун.

Гьевги вачун унел гьезда кІодоца гьарун буго те гьевин абун. Тункун рехун йиго гьез загІипай гІадан.

Хъачагъаздаса гьев хвасар гьавизе кІвечІей кІодо, гІодулаго, екерула гьезда хадуй. Мадугьалихъ вукІарав чачанасгицин абулеб букІун буго гьезда, живго тейин гьев, гьадингоги хварав чи вугин.

Гьеб параялъ, аскІоб букІараб минаялдаса къвагьдедал, риха-хочарал хъачагъаз рехун тун вуго Алексей. Цинги кІодо гІодое юссинайизелъун хъачагъаз гьелда абун буго гьев жидеца жидергоясухъ хисилин, чІваларин абун.

Тухчар росдада гІагарда бугеб Галайты росулъе унеб нухда хъачагъаз чІван вуго анлъго рагъухъан. Гьезда гьоркьов вукІун вуго Алексейги.

Нижги щвана гьелъул рокъоре, бихьана гьелъ гІурус солдат вахчун вукІараб рукъги.

Жакъа ГІатикат Табиева чІаго гьечІо, амма буго язихъго гьелъул нахъе хутІараб, басриябго мина.

Гьей къадаралде щвана 90 сонил ригьалде яхиндал.

***Рукъият ГІАЛИСУЛТАНОВА***



# Инхокъвариса чемпион

**2024 соналъул 9 август. Гъеб къо дагъистаниязе, хасго ЦIумада районалъул гIадамазе лъугъана тарихияблъун – Олимпалъул тIогь квегъана цоги районцояс, вахъана лъабабилевги Олимпиадаялъул чемпион. Цереккун рукIарал чемпионазул цIарал нилъеда лъала. Гъев ккола эркенаб гугариялъул рахъалъ спорталъул мастер, ТIиндиса СагIид МуртазагIалиев, дзюдоист, Лъондода росулъа ТIагьир ХIайбулаев. Гьанже гьезул сияхI бечед гьабуна Инхокъвариса МухIамад Рамазановасги. Болгариялъе гIоло цеве вахъаниги, гьев вуго нилъер вас, дагъистанияв!**




Бигъаяб букIинчIо МухIамадил спорталде тIамураб гали. Гьебги гьес байбихьана Хасавюрт районалъул Октябрьское росулъан (Чачаналдаса гочун хадур, гьениб гIумру гьабулеб буго инхокъварисез.)

КIудияб, мисалияб хъизамалда, Октябрьское росулъ гьавуна МухIамадил эмен Элдар. Гьесулги эмен МухIамадица бащдаб гIасруялдаса цIикIкIун мехалъ нухмалъи гьабуна Октябрьское росдал школалъе. Росдал лъималазе лъай ва тарбия кьеялъе гIумру кьурав гьес, жиндирго ичIалго лъималги мисалияб куцалда гIезаруна. Элдарил хъизамалда руго анкьгоял – гьезул бищун кIудияв ккола МухIамад.

Амма МухIамадил эмен Элдарида ругъун гьавуна. Россиялъул ва Халкъазда гьоркьосел турниразда щварал бергьенлъабаз кIудияб рохел кьолеб букIинчIо дие. Чанго нухалда гьеж, бохалъе сакъатлъи ккана ва телин гьаб спортги, херлъун ватилин дун эркенаб гугариялъеян ракIалде ккolaан. Гьеб гуребги, гIарцул рахъалъги букIана хъизамалда къварилъи. Гьедин вукIаго дандчIвана цIияв тренергун, Вадим Алексеевич Биязьгун. Гьес бижизабуна дилъ цIидасанги божилъиги, жеги бергьенлъаби цере рукIиналде хьулги, - ян ракIалде щвезабуна МухIамадица.

Октябрьское росдал гIадамаз МухIамадил тренер Вадимие битIун букIана тIад цIар хъвараб ханжар ва Олимпиадаялда месед босани, чу,

> Октябрьское росдал гIадамаз МухIамадил тренер Вадимие битIун букIана тIад цIар хъвараб ханжар ва Олимпиадаялда месед босани, чу, буртина ва бухаритIагъурги битIизе къотIи гьабун букIана. МухIамадица месед босана, гьанже нижеца къотIи тIубазабизе ккола.

гьесул бергьенлъи бихьизе ва гьелдаса чIухIизе хъван букIун гьечIо. Короновирусалъги унтун, гьев гIумруялдаса ватIалъана.

Рамазановазул хъизамалда, жидеего бокьун спорталде машгъуллъарал рукIун гурони, тIадчIун хIадур гьарулел васал рукIинчIо. МухIамадил вацIгIал Закария вукIана МахIач МуртазагIалиевасда, вацал Батировазда ва цогидалги эркенаб гугариялъул рахъалъ спортсменазда цадахъ куцалев. Къецазде ва чемпионатазде, росу тун къватIив ругъун гьавизе витIизе цебе ресги букIинчIого, гьедин росулъго хутIана гьев. Гьес куцана, хIадур гьавуна МухIамад.

- Анлъго сон баралдаса нахъе, ичIго класс гьес лъугIизегIан дица ругъун гьавуна гьев, - ян бицана Закария Рамазановас.

Республикаялда тIоритIулел, СКФОялъул чемпионатазда жиндирго бажари бихьизабуна МухIамадица.

- Дир инсуе бокьун букIана махщел тIокIал тренераз дун ругъун гьавизе. Гьедин, Ихаку ХIайдарбеговасул кумекалдалъун, Хасавюрталъул олимпиялъул резервалъул школалда бакI щвана дие. РФялъул мустахIикъав тренер МухIамад ХIусеновас лъабго соналдасаги цIикIкIун заманалъ буртина ва бухаритIагъурги битIизе къотIи гьабун букIана. МухIамадица месед босана, гьанже нижеца къотIи тIубазабизе ккола.

Къисматалъул ва улкаялъул спорталъул нухмалъиялъул кумекалдалъун МухIамад Болгариялъул тIаса бищараб командаялде гьоркьове ккана.

- Кив, щиб улкаялъул рахъалдасан ургуялде вахъунев вугониги, тIоцебесеб иргаялда дун вуго Россиялъул гражданин ва дирго халкъалъул вас, - ян абула М. Рамазановас.

Гьанже щибха ракIалда бугебин гьикъидал, гьес абуна, тIоцебесеб иргаялда, эбелалъухъе, хъизаналъухъе щвезе рокъове ине вугин.

- Цинги инсул хабаде ина, дур анищ тIубанин, эмен, дица Олимпиялъул меседил медаль босанин абизе буго. Мун кидаго дунгун вукIанин, вугин абун, гьесул зонода медалги базе буго. Къисматалъ щиб хъван бугеб лъаларо, Дунялалъул, Европаялъул чемпионатазда гIахьаллъизе бокьун буго. Гьединго тренерлъун хIалтIун хIалбихьизе ракIалдаги буго. Дирго вац Рамазанги хIадуризе ккеларищ Олимпиадаялде, - ян бицана МухIамадица.

***Гирай ХIАЙДАРОВ***

# Кубачиялде ахIулел руго

**23-25 августалда Кубачи росулъ, бищун кIудияб ва бищун некIсияблъун кколеб халкъияб художествияб комбинаталъ 100 сон тIубаялъул хIурматалда фестиваль тIобитIизе буго.**

**14 августалда «Дагъистан» РИАялда букIана гьеб фестиваль тIобитIизе бугеб куцалъул, рачIине ругел гьалбадерил, жакъа комбинаталда бугеб хIалалъул хIакъалъулъ бицараб данделъи.**




Пресс-конференциялда гIахьаллъи гьабуна ДРялъул туризмалъул ва халкъияб творчествоялъул нухмалъулесул заместитель Анна Безруковалъ, Кубачи росулъ цIигьабулеб бугеб художествияб комбинаталъул директор Мурад ХIажияхIяевас, «Кубачи» абураб ТIолгороссиялъул художествияб фестивалалъул нухмалъулей Асият ГIабдулаевалъ, «Дагъистаналъул халкъияб художествиял промыслал» ДРООялъул директор СагIид Ниналаловас.

ДРялъул Туризмалъул ва халкъиял художествиял промыслабазул министерствоялъул кумекалдалъун тIобитIулеб гьеб фестивалалда гIахьаллъи гьабизе рачIине руго Калмыкия, Чувашия, Татарстан, Астрахань, Челябинск ва цогидалги республикабаздасагун областаздаса гьалбал. Гьез бихьизабизе буго жиде-жидер гьунар, кьезе руго мастер-классал, бихьизабизе буго жидецаго гьабулеб тIагIел-алат.

«Кубачиязул художествияб комбинаталда гьарурал тIагIелал кидаго кьиматалда рукIана. Гьеб хIалтIи лъалез, инсуца васасда малъун, цоцазухъе кьун, цIигьабулеб буго комбинатги гьенир гьарулел хIалтIабиги. Месед-гIарацалъул тIагIалабиги, ярагъ гьабиги цебетIураб росулъ, 1924 соналда рагьана художествияб артель. ГьабсагIаталда умумузул иш гьабулеб буго РФялъул мустахIикъал художниказги гьунар бугел гIолохъанал устарзабазги. Гьезул бугеб гьираги бихьун, цебесеб пиша цIигьабизе бокьиялъ нижеца комбинат хIалтIизе биччана ва хьул буго гIагараб заманалда жаниб гьениб «гIумру гьалдезе» букIиналде», - ян абуна М. ХIажияхIяевас.

Лъабго къоялъ гьалбадерие рес буго мастер-классазухъги, кубачиязул хIаязухъги балагьизе, росулъ тира-сверизегиян абуна А. ГIабдулаевалъ.

Кубачиялда бугеб художествияб комбинат цIигьабиялъе республикаялъул нухмалъиялъ 100 миллион гъурущ бихьизабун бугин, гьеб гIарац щведал комбинаталда хIалтIаби гьаризе ругин ва гьеб цIигьабилин абуна А. Безруковалъ. Гьединго ГьоцIалъ, Болъихъ, Унсоколо росабалъ рукIарал художествиял комбинаталги цIигьаризе, дагь-дагькккун умумуз гьабулеб букIараб устарлъиялде гIолилал руссиналъе ресал ратизе ругин абуна гьелъ.

***П. МУХIАМАЕВА***

## БАРКИ

***Гьал къоязда 70 сон тIубала гIемерал соназ ТIадмагъилъ росдал школалъул директорлъун хIалтIарав, районалъул депутатазул собраниялъе нухмалъи гьабурав, къвал цIурал грамотабазул ва баркалабазул бетIергьан, ДРялъул мустахIикъав мугIалим ХIажимурад Зайнудиновас.***



**ГIаданлъиялъул байрахъ**
**Борхатго ккурав инсан,**
**Сахлъи, рохел гьарзаяб**
**Гьарула дуе гIумру.**

**ГIагарал кьурабазул**
**Къвари чорхолъ бессарав,**
**Соналги халатал кьун,**
**Вохун таги кидаго.**

**Тарихалда цIар тараб**
**ГIахьвалазул жамагIат,**
**Гьелгун цадахъ вукIине**
**Чорхолъ битIун хутIаги.**

**ВатIаналъул, халкъалъул**
**Къадру жеги борхизе,**
**Зайнудинов, дур чорхолъ**
**Чилъи жеги цIикIкIаги.**

***ГЬАЛМАГЪЗАБАЗУЛ КЪУКЪА***

# Чабанмахьиб хвел щварав

**Кидаго захIмат букIуна бахIарчиясул хIакъалъулъ бицен гьабизе… ЗахIмат букIуна, щайгурелъул гьесул хвелалъ щивасул рекIелъ пашманлъи рещтIинабулелъул. Нилъеца бицен гьабулеб буго бихьинчияб, инсанас унго-унгояб хIурмат гьабизе кколеб гьунаралъул. Гьес жиндирго гIумру кьуна ВатIаналъе, халкъалъе гIоло, хIинкъи-къай гьечIого, рекIелъе батIияб къасд лъугьинчIого. Гьаб хабар лъиеялиго бокьун яги литературияб пагьму-гьунаралъ бижараб гуреб, инсанасул бихьинчилъиялъ бижараб буго ва гьеб бихьинчилъиялъ хвалдеги, битIухъе абуни, хвел гьечIолъиялдеги вачана гьев.**



**ХIажи МухIамадрасулов**

…ЛъугIи, ахир гьечIеб буго гьунаралъул «дунял» ва гьелъул щулиял квараз цоцалъ бухьун буго араб ва гьанжесеб, жакъасеб ва букIинесеб.

Гьунаралъул буго гIажаибаб ва талихIаб хасият: гьелъ нилъее сайгъат гьарула бахIарчиясул, гьесул ишазул хвел гьечIолъиялъул ракIалдещвеязул лахIзатал ва пикраби. Нилъер гьитIинабго хабар буго хъачагъаз Дагъистаналда I999 соналда багъаризабураб рагъул бахIарчи, нилъер ракьцояв, ДРялъул МВДялъул ОМОНалъулав ХIажи МухIамадрасуловасул хIакъалъулъ.

ХIажи гьавуна КIаратIа росулъ. Лъимерлъуда вукIана магIарухъ гIурав гIадатияв васлъун: захIмат бокьулев ва кинабго лъазе хIаракат бахъулев, ракIбацIцIадав ва ритIухъав. Школалда гьев вукIана тIадчIарав ва пагьму-гьунар бугев цIалдохъан, цIалулев вукIана гIицIго щуйилазда. ХIажица гIемер заман кьолаан спорталъе, бокьулаан суратал рахъизе. ГIуна гьев лъимал гIемераб хъизамалда ва эбел-инсудехун хасаб бербалагьиялдалъун ватIа вахъулаан. ГIумруялъул цо анищ букIана: ахирал къоязде щвезегIан ВатIаналъе хъулухъ гьабизе. ТIадаб рагъулаб налъи тIубан рокъове тIадвуссаравго лъугьана ОМОНалде хIалтIизе. Гьесие гIумруялъулъ аслияблъун лъугьун букIана рагъулаб налъуе ритIухълъиги ВатIаналъе хъулухъ гьабиги. Лъалаан гьудуллъи кквезе ва гьелъул къимат гьабизе.

Хвел кидаго нилъеда лъачIого ва ракIалда гьечIого бачIуна. ГIагараб росулъе эбел-инсухъе щвезе вачIун, 31 августалда тIадвуссун унелъул, гьесда лъалароан жив даималъего унев вукIин, къисматалъ жиндие къокъаб, амма цIар-реццалъул цIураб, бахIарчиясул гIумру сайгъат гьабун бугеблъи.

Гьеб ккана Чабанмахьиялда. Гьел анцIила кIигоял рукIана. Рагъухъаби хъачагъаз гъоркьчIел гьабураб бакIалде тIаде ккана. Рес букIинчIо кумек щвезе ва гьел ахиралде щвезегIан, жидедаго ва жидерго гIолохъанаб гIумруялда барахщичIого рагъана. Гьале чIварал гьалмагъзаби даималъего ракьалда регун руго. Циндаго ХIажил берчIвана хваралин тарал гьалмагъзабазул цоясулъ чIаголъиялъул гIаламатал рукIиналда ва хIинкъи гьечIеб бакIалде гьевги вачун, цIидасан гьалмагъзабазухъе тIадвуссана.

Унеб букIана рагъ, гьезул ахирисеб рагъ. Жиндирго ахирисеб хIухьел цIазегIан вагъана ХIажи. Гьел киназего бокьулаан гIумру, киназго анищ гьабулеб букIана гьеб талихIаблъун букIинилан. Гьезул щивасул йикIана абурай яс ва гIагараб рукъ. Амма БетIергьанас гьезие къисмат батIияб хъван букIун буго - 1999 соналъул 2 сентябралда ращалъи гьечIеб рагъда бахIарчиго хвана ХIажи МухIамадрасулов ва гьев жиндирго гIагараб росулъ вукъана.

Хъулухъалъулаб налъи тIубалаго бихьизабураб бахIарчилъиялъе ва хIинкъи-къай гьечIолъиялъе гIоло ХIажи МухIамадрасулов, Россиялъул президентасул указалдалъун, Бихьинчилъиялъул орденалдалъун кIодо гьавун вуго. Хун хадуб васасе щвараб гьеб шапакъат гьесул эбелалъухъе кьуна Дагъистаналъул цолъи цIунулаго Чабанмахьир ва Карамахьир бахIарчиго хварал рагъухъабазул гIагарлъиялъулгун 2000 соналъул 7 марталда ДРялъул Пачалихъалъул Советалда республикаялъул нухмалъулез тIобитIараб данделъиялда. ЦIар-цIарккун ракIалде щвезаруна гьенир бахIарзал…

ГIагараб ракь лъазабулел хIисабалда ниж дадчIвана ХIажил эбел ПатIиматгун. ЛъикI къабул гьаруна гьелъ ниж, бихьулеб букIана гьелъие васасул хIакъалъулъ бицине захIматго бугеблъи.

«КIудияб ва хIалрекъараб хъизан букIана нижер, - ан байбихьана гьелъ. - Дун хасго чIухIулаан васаздаса - гьел нижер щугоял рукIана. ХIажи вацазда гъорлъ гьоркьохъев вукIана. Рарал соназухъ балагьичIого, вацаздаса гьев ватIа вахъулаан гIакъилав ва бичIчIи бугев гIолилав хIисабалда, гьелъ нижгоги гIага-божаралги гьесдаса чIухIулаан, кIудияб божилъи-хьулгун ралагьулаан гьесухъ. ТIадаб рагъулаб хъулухъ гьабизе аралъуса гьев тIадвуссана жиндаго ракIчIарав ва бажари бугев гIолохъанчиги лъугьун. Гьесул букIана цо анищ - ВатIаналъе хъулухъ гьаби. Ва гьев мурадалде щвана ОМОНалде лъугьиндал. Дида лъалаан гьеб хIинкъи бугеб хIалтIи букIин ва гьединлъидал гьеб хисун, цогидаб балагьизе гьев мукIур гьавулей йикIана. Эбел хIисабалда дир рекIелъе цо кинабалиго хIинкъи рещтIун букIана. Ахиралда росулъе щвезе вачIараб мехалда (гьеб букIана хвелалде кIиго къоялъ цебе), дие гьев нахъе виччазе кинго къабуллъулеб букIинчIо. Гьесул къасд букIана жеги моцIалъ гIага-божаралгун росулъ хIухьбахъизе чIезе, амма гьев хехаб куцалъ хIалтIуде ахIана.

«Эбел, тIаса лъугьа, дун гъова вукIине ккола», - ян абуна ХIажица. Байбихьуда дица гьел рагIабазде кIварго кьечIо, гIицIго хадуб бичIчIана кив гьев вукIине кколевали. Лъала гьев гьалмагъ хвасар гьавулаго хваравлъи. ЧIухIула дун васасдаса…»

ЦIалдохъан ва классцояв хIисабалда МухIамадрасуловасул хIакъалъулъ гIемерал лъикIал рагIаби абуна гьесул мугIалимзабаз ва цадахъ цIалараз. Масала, М-Р. МуртазагIалиевас бихьизабуна школалда ккараб гьудул-гьалмагълъи бищунго ритIухъаб ва кIочон толареб букIунеблъи.

- Жакъа захIмат буго ХIажи нижгун гьечIолъиялда божизе, - ян абуна гьес. - Байбихьараб иш гьес рагIалде бахъинабулаан, гьебги гьабулаан ракI-ракIалъго. ТIурачIел къасдалгун ана гьев абадияб рокъове. ГIумруялдаса ватIалъана унго-унгояв рагъухъан хIисабалда.

Доб сон ракIалде щвезабулаго нилъеца пикру гьабула рагъул майданалда берал къанщаразул. БахIарзазул цIаралги нилъеда кIоченаро. Гьайгьай, гIасрабаз лъиего къуличIеб Дагъистаналъул къадру цIунун гIолохъанго хварав ХIажи МухIамадрасуловасги унго-унгояб гьунар гьабуна. Гьеб рагIул магIнаялъулъ буго бищунго тIадегIанаб куцалда инсанасул хасиятал загьирлъи ва гьездаса аслияб ккола ВатIаналъе, инсаниятalъе гIоло живго къурбан гьавизе хIукму къотIи; гьеб буго ритIухълъиялъул, бахIарчилъиялъул, унго-унгояб магIарул тарбия щвеялъул мисал.

ХIажи МухIамадрасуловасе сайгъат гьабураб, Бахумеседо Расуловалъул «ГIолиллъи гIужий гьурав» абураб кочIолъ руго гьадинал мухъал:

**Сайпуласул ХIажияв,**
**БахIарлъи гIужий гъурав.**
**БахIарай ячиналде**
**Чабанмахьиб хвел щварав.**
**Мун гIужилав кьвагьдохъан,**
**ОМОНалъул рагъухъан.**
**Рагъул кор боркьаралъув**
**ГъалбацI гIадав къеркьохъан…**

…Щиб жакъа нилъее камун бугеб? Нилъее гIолареб жо буго гIицIго цо - гIадамаз гIадин гьаб ракьалда гIумру гьабизе лъай. БитIахъе ракIунтула инсанасулъ лъикIлъи, хIалимлъи, намус-яхI ва адаб буголъи, гIага-божараздехун тIалаб лъугIун унеб ва гьел хасиятазул бакIалда хъантIи, бер гIорцIунгутIи, бечелъи бокьи ва жамгIияталда бакI балагьизе лъугьин бихьараб мехалда. Гьединаб букIинеселъе гIолойищха нилъер умумузги жакъа лъималазги гIумру кьураб? Нилъеда даимго ракIалда рукIине руго рокъоре тIадруссинчIел ва «Дун чIаго вуго, эбел», - ян абичIел гIолилал. Гьезда гьоркьов вуго ХIажи МухIамадрасуловги.

***ПатIимат МУХIАМАДОВА,***
***гIолилал мухбирзабазул***
***кружокалъул член***



**ГIагараб ракь лъазабулел ХIажил эбел-инсухъ (КIаратIа).**

Хъулухъалъулаб налъи тIубалаго бихьизабураб бахIарчилъиялъе ва хIинкъи-къай гьечIолъиялъе гIоло ХIажи МухIамадрасулов, Россиялъул президентасул указалдалъун, Бихьинчилъиялъул орденалдалъун кIодо гьавун вуго. Хун хадуб васасе щвараб гьеб шапакъат гьесул эбелалъухъе кьуна Дагъистаналъул цолъи цIунулаго Чабанмахьир ва Карамахьир бахIарчиго хварал рагъухъабазул гIагарлъиялъулгун 2000 соналъул 7 марталда ДРялъул Пачалихъалъул Советалда республикаялъул нухмалъулез тIобитIараб данделъиялда.

# КIудияв инсул нухдасан

**Насирги Сурияги Юсуповал данделъаралдаса балеб буго кIикъо-гогIанасеб сон. Гьезул вуго кIиго васги цо ясги. ЛъикIаб тарбиялда цадахъго тIадегIанаб лъайги кьуна гьез лъималазе. Рагъулаб хъулухъалъе куцаралги рукIинчIо гьел. Амма ЖабрагIил, философияб гIелму тIаса бищизе ресги букIаго, рагъулаб хъулухъалъул нухдасан ана. Гьелъул хIакъалъулъ гьадин бицана Насирица: «Цо гьалмагъасда цадахъ, кинаб жодай букIунеб гьебинги абун, лъугьана ЖабрагIил рагъулаб хъулухъалде. КватIичIого байбихьана СВО ва гьевги гьениве ккана», - ян.**

**«ЖабрагIилил кIиабилеб контракт буго гьеб. ТIоцебеселда рекъон, гьес хъулухъ гьабулеб букIана Буденновскиялда. Гьенисан витIана Сириялде. ТIадвуссун хадуб, жиндирго частиалда вукIаго, Украинаялдеги ана», - ян мухIкан гьабуна Сурияца.**



## Тарихчилъун вукIун гIечIо

ДГУялда цIалулев ЖабрагIилие лъикIаб кьиматги кьун, гьединав вас куцаралъухъ эбел-инсуе баркала загьир гьабураб кагъат бачIана тарихалъул факультеталдаса Юсуповазухъе. Вузалда цIалун вахъунаго, кафедраялъул нухмалъулев МустIапа Билаловас ЖабрагIилида абун буго философияб факультеталда цIализе мустахIикъав чи вугин мун абун. ГIолохъанчияс гьесул рагIул сан гьабичIеб мехалда, профессор кIалъан вуго гьесул инсухъе, факультеталда философлъун хIалтIизеги телин, бичIчIизабе васасда жиндир мурадин абун. Амма ЖабрагIилица инкар гьабуна. «Жанив вукIине рукъги гьечIого, мукъсанаб харжалъухъ шагьаралда гIумру кин гьабилеб дица», - ян жаваб кьуна гьес инсуе. «Университет лъугIаралдаса батIи-батIиял пишабазде вана гьев. Щвана батIи-батIиял шагьаразде, гьабуна батIи-батIияб хIалтIи. РакIалъе къабуллъулеб иш балагьулев вугин абулаан. ЛъугIизабуна магистратура. Репетиторазул централда хIалтIана: тарихалъул ЕГЭ кьезе цIалдохъаби хIадурулаан. Ахирги вачIана, жинца рагъулаб хъулухъалде контракт хъвалеб бугинги бицун», - ан абуна Юсуповаз.

бугоха. Рокъове тIадвуссине анкь хутIараб мехалда лъана дида гьеб», - ан бицана Сурияца.

Лъабго моцI бана Сириялда ЖабрагIилица. Рокъове вачIиндал, накабазда чIунцин гьарана гьез васасда, рагъулаб хъулухъ жибго теян, жидеца кванарабги кванан, аскIов чIаян абун. Амма гьес гIинтIамичIо…

## Хасалил хIинчIалъул цIар бугеб росулъ

Украинаялде ЖабрагIил ана, лъиданиги цIарги бахъичIого. 2022 соналъул 26 февралалда гьев вукIана СВОялда. «ТIоцересел моцIал… даим рекIелъ къарал магIаллъун хутIила гьел рагъда ругел васазул улбузе. Гьоркьоб кьотIана кинабгIаги бухьен. МоцIида жаниб цо нухалъцин кIалъачIеб заманги букIана», - ян бицана ЖабрагIилил эбелалъ.

Вас СВОялда вугеблъи лъаларо-ан эбелалда. Жал пуланаб бакIалде ритIулел ругин, цо чанго къоялъ телефоналъул бухьенги букIине гьечIин, кинабго лъикI букIинин, ин ша Аллагьилан кIалъан вукIун вуго ЖабрагIил рокъове, Крымалде щвараб мехалда. «Жал Крымалда ругин ва Украинаялде ритIизе ругилан бицана васас дида. Рагъулаб

Эбел-инсуе бокьун букIана ЖабрагIил рукъалде вуссинавизе. Балъголъи щибха букIинеб, гIолохъанай лъадиги тун, рагъулаб хъулухъалде васги лъугьинарин хьулалда рукIана гьел. Амма хьул хIорго хутIана. Васги рагъулаб хъулухъалде ана. Гьелъул мурадалда чанцIулго ана

Эбел-инсуе бокьун букIана ЖабрагIил рукъалде вуссинавизе. Балъголъи щибха букIинеб, гIолохъанай лъадиги тун, рагъулаб хъулухъалде васги лъугьинарин хьулалда рукIана гьел. Амма хьул хIорго хутIана. Васги рагъулаб хъулухъалде ана. Гьелъул мурадалда чанцIулго ана Буденновскиялде, рагъулаб частиалъул нухмалъулезухъе. Киналго нормативалги кьун, тIадчIун, аскарияз малъухъе кинабго гьабун, Москваялда кIиго моцIалъги цIалун, жиндирго мурад тIубазегIан хьвадана. Берцинаб мацIги бицун, эбел-эменги мукIур гьаруна.

Байбихьана Буденновскиялда рагъулаб хъулухъ. Гьенисан ана Сириялдеги. Рокъоседа ЖабрагIилица абуна рагъулал хIаязда гIахьаллъулев вугилан ва гьенисан рокъове кIалъазе санагIатги букIунарин абун. «Салул авлахъалда рахъарал суратал рихьаниги, дун щаклъичIо вас Сириялда ватиялде. Казахстаналда ватилин толаан – гьенирги ругелъул салул авлахъал. Насирида лъалеб букIун буго. Дидаса бахчулеб букIун

ахIвал-хIалалъул хабарги баккизабуна. Гьелдаса хадуб моцIалдасаги заман ана кIалъачIого. Херсон областалда рукIарал гьел, Николаевск областалдеги щун ругоан. Хадуб кIалъана – цо-кIиго рагIи абулаан. Кив вугеван гьикъидал, пачаясул цIар бугеб областалъул хасалил хIинчIалъул росулъилан жаваб кьолаан. КIалъалев васасул гьаракь гьоркьоб кьотIулаан ва трубкаялдасан рагIулаан къвагьа-гIанхьи. Ва ниж, иргадулаб нухалда вас кIалъазегIан, хутIулаан пикрабалъ, щибдай ккараб, чIагогIаги вугодай… Цебесеб кьерда рукIиндалха гьел», - ан бицана Насирица.

Генерал Суровикин нухмалъиялде вачIиндал, Днепралъул квегIаб рагIалалде рачана Россиялъул аскарал. Гьелдаса хадуб кIалъай лъикIлъана, эбел-инсул ракIазе дагьаб парахалъиги ккана. «Къоялъ бухьеналда вугеблъиги бихьизабулеб бугин, щай жаваб кьолареба гьикъидал, васас абуна, жидер телефонал бухьен кколеб бакIалда дализарун рукIунин. ТIадкъайги

тIубазабун тIадруссиндал, регIараб заманалда босулила жидеца телефон кодобе, рокъосан хабар лъазе», - ян бицана инсуца.

Рагъулаб лъай гьечIониги, СВОялда лъикIаб къадру-кьимат буго ЖабрагIилил. Сержант Юсуповасул хъулухъ гьабулеб букIана разведкаялда. Гьениб бихьизабураб бажариялъухъ 2022 соналъул 14 ноябралда гьев мустахIикълъана Жуковасул медалалъе. «Якьадалъ бицунаан, КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда вакьад разведчиклъун вукIанин абун. КIудияв инсул нухдасан анаха ЖабрагIилги», - ян абуна Сурияца.

ТIоцебесеб командировка ичIго моцIалъ халатбахъана. ВачIана отпускалъ рокъове ва эбел-инсуца гьарулеб букIана тIокIалъ унгеян. Амма мукIур гьавун бажаричIо. Гьес абуна: «Дунго гIадал рагъухъаби руго дора, дун тIадвуссиналъухъ балагьун. Гьезиеги рес кьезе ккола эбел-инсухъе щвезе ине», - ян. 2023 соналъул ичIабилеб августалда гьесие кьуна «За отвагу» абураб медаль. Кинабниги ункъо медаль буго гьесул.

## РачIа Бергьенлъиялъе гIоло цадахъ хIалтIизе!

ГьабсагIаталда ЖабрагIил вуго рагъулаб полигоналда инструкторлъун. Араб соналда живгоги моцIалъ цIалана дроналгун хIалтIиялъе. Гьанже дроналгун хIалтIизе малъула гьес СВОялде ине ругел гIолохъанал рагъухъабазда. «ХIалбихьиялдаса лъала, жакъасеб рагъулъ кIудияб кIвар буго БПЛАялъул (пилот гьечIого роржунел аппаратазул). Цо нухалда дихьеги щвана гьединаб аппарат. Байбихьана гьебгун васандизе, бажарана хIалтIизабун. ВахI, разведкаялъе кутакалда санагIатаб жо буго гурищ гьабин ккана ракIалде: тушман вахчараб бакI лъазабизеги, гьезул техникаялъул нух бихьизеги, багъа-бачариялда хадуб халкквезеги кумек гьабула гьез. Дицаги байбихьана гьел хIалтIизаризе. Бащдаб лъагIелалъ гьабураб хIалтIул хIасиллъун лъугьана дие кьурал шапакъаталги. Дицаги дир гьудулзабазги гьабураб разведкаялъ хвасар гьаруна гIемерал рагъухъаби – гьеб рикIкIуна дица аслияб шапакъатлъунги.

Рокъосел рохиларищха щварал шапакъатаздаса. Амма гьезул аслияб мурадги бищунго кьиматаб шапакъатги буго нилъ чIаго-гIатIго эбел-инсухъе, хъизамазухъе тIадруссин. Амма щивасда лъазе ккола: гьединаб къо бачIина, нилъ киналго цадахъ рекъон Бергьенлъиялъе гIоло хIалтIани. Нацизмалъул габур бекизе ккола, чара гьечIого. Гьебин абуни, бажарула, щивас живго вугеб бакIалда кIвахIтун хIаракат бахъани», - ян бицана телефоналдасан ЖабрагIилица.

Кьалул майданалда талихIги батана гьесда. Хъизам гьабун микьго сон баниги, лъимадухъ урхьараб гурони къо бихьичIо ЖабрагIилида. Каховкаялда гIагарлъухъ рукIаго, гьесул лъай-хъвай ккана гIурусай Анастасиялгун. 2014 соналда, Донбассалда гIурусал кьварид гьаризе байбихьидал, гьениса лъутун, Николаев областалде рачIун рукIун руго гьел. ГIолилазул цоцазухъе рокьи ккана ва, магьариги лъун, данделъана. Гьаюна яс - Самира. Анапаялда гIагарлъухъ рукъги босун, гьенир руго Настяги Самираги, бахIарчияв рагъухъан тIадвуссиналъухъ балагьун чIун.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

# Рагъулаб гьудуллъи, дур берцинлъи щиб!

**Жеги гIасрабаца сахлъизе гьечIел дур ругъназ угьдилей йиго, Дагъистан. Кьоло щуго соналъ цебе лъукъарал дур мугIрул тIогьазул пикрабалъ йиго.**

**Гьел тIогьал цIунарал гIурус солдатал санайил рачIуна дир ВатIаналде, улка цIунулаго, хваразул гьунар цIиял наслабазе цIунун хутIизе.**

**Рагъулаб гьудуллъи, дур берцинлъи щиб, санал роржанагIан, жиб кутаклъулеб! Рагъулаб божилъи, рагъулаб вацлъи, чадил рекелгицин бащад гьабулеб.**

**ГIадатаб халкъалъул гьудуллъи бихьун, гIедегIулей йиго рохел гьурщизе. Кьварилъиялъ данде гьарурал васаз тIадегIанлъиялде сапар бухьана.**

## «ХIамилгIиналъул» дандерижи

Гьал къоязда редакциялде рачIун рукIана МахIачхъалаялда гIумру гьабун ругел, Болъихь районалъул Шодрода росулъа рос-лъади Муртуз ва ПатIимат ШагIбановал.

Дагъаб цебегIан гьезухъе гьоболлъухъ рачIун рукIана Адыгеялдаса Андрей ва Евгения Смирнова. Гьезул аслияб мурад букIана 25 соналъ цебе Дагъистаналъул мугIрузда гIумруялъулгун къо-мех лъикI гьабурав рагъулав гьалмагъ **Сергей Костин** ва «ХIамилгIиналда» кьанщарал цогидалги бахIарзал ракIалдещвезари.



**Сергей Костин, Россиялъул БахIарчи**

Долдаса нахъе ана гIасруялъул ункъил бутIа. Амма жеги судулел руго рикIкIада хутIараб августалъул ругънал. Дир гIагарал мугIрузул эркенлъиялъе гIоло гIумру кьурал Россиялъул васазул гьунаразул хIакъалъулъ цIалидал, чIухIиги, бухIиги, рохелги жубараб асар лъугьуна рекIее. Гьезул цояв Сергей Костин ккола Курск областалдаса. Хун хадув гьев мустахIикълъана Россиялъул БахIарчиясул цIаралъе. КIиабилев – Адыгеялдаса **Эдуард Цеев**. ГьабсагIаталда гьев ккола республикаялъул парламенталъул председателасул заместитель. Гьесул гьариялдалъун исана Дагъистаналде рачIун руго Андрей ва Евгения. Дагъистаналъул мугIрузда боевиказде данде Сергей вагъулев вугеб мехалда, гьесул рагъулав гьалмагъ Андрей вукIана Югославиялда. Ва гьале 25 соналдасан гьесие рес ккана Дагъистаналде щвезе, гьалмагъас берал кьанщараб «ХIамилгIиналда» цо лахIзаталъ берчIвазе. Муртузгун ва ПатIиматгун цадахъ Андрейицаги Женяцаги сапар бухьана «ХIамилгIиналде». ЦIидасанги цIилъана церегосел ругънал. ГIенеккана дун ПатIиматица ритIун рачIарал видеороликазда Андрейица рагъулал гьудулзаби Сергейил ва Эдуардил хIакъалъулъ бицунелъухъги. Абадиялъе хутIизе



**Эдуард Цеев, Россиялъул БахIарчи**

бугеб хвел гьечIеб гьудуллъи. Россиялъул БахIарчияс Дагъистаналъул мугIрузда бикIун тараб багьадурлъиялъул хвел гьечIеб къиса. Дагъистаналъул халкъалъе захIматал дол къояз нилъер хьолбохъ эхетана Новороссийскиялъул парашютазулгун десанталъул батальон. Гьелъие нухмалъи гьабулеб букIана Сергей Костиница.

1999 соналъул 13 август. «ХIамилгIиналъул» борхалъудасан тушманасде кьабгIи щвезабизе кколаан Сергейица нухмалъи гьабулеб кьокьаялъ. КIвaралъ хIалуцунеб букIана рагъ. Ва гьале тушманасул гуллида ватана Сергейги. Лъукъарав гьевги, гьединалго гьалмагъзабиги, гьелде тIаде – чIваралги жиндирго мугъзада хIинкъи гьечIеб бакIалде раччулел рукIана Адыгеялдаса Эдуард Цеевас. Сергейил черх гуллбуз басбасун букIана. Гьезул щибго квалквал букIинчIо рагъухъанасе. Амма тушманасул ахирисеб гулла рекIкIаб батана. «ХIамилгIиналъул» тIогьиб борхалъиялда бикIун тана гIурусав Сергейица нилъее гIагарал мугIрузул эркенлъиялъе гIоло гьабураб жиндирго гьунар… Гьанибго цоги нухалда ракIалде щвезайизе бокьун буго жиндир цохIо вукIарав вас гьелго рагъулал тунка-гIусиязулъ чIварай Россиялдаса Дагъистаналде ячIарай гIурус чIужугIадан. Жиндир васас берал кьанщараб Дагъистан бихьизе бокьун бугиланги абун, гьание ячIарай гьелъ, кIиябго накуги гIодоб чIван, ракьалда баун буго. Ва, тIадюссун унелъулги, кьвачIинибеги бан, цадахъ босун буго Дагъисталналдаса ракь, гьалъулъ бугин гьанже жиндир къуватиланги абун. ГIадатиял гIадамазул гьудуллъи, даимаб реццалъул борхалъиялда бугеб. Гьелъ цIунун буго ракьалда жакъаги гIумру.

## «Дир ракьалда кьалда гIадан холаро…»

Россиялъул БахIарчи Сергей Костин вукъун вуго Курск областалъул Захарково росулъ. Конышевка поселокалъул цо кьватIалъеги кьун буго Сергейил цIар. Конышевка районалъул цо школалдаги лъун буго БахIарчиясул цIар. Памятникги бана БахIарчиясе.

- Санайил, 13 августалда Костинил эбел-инсухъе щола ниж, гьесул рагъулал гьудулзаби – ветеранал-десантникал. Курс областалъул администрациялъ санайилго тIоритIула БахIарчи ракIалдещвезавиялъул тадбирал. Сергей кколаан эбел-инсул цохIо вугев вас. Цо лъимер. Гьесул эбел-инсуца, жидерго лъимал гIадин, кьабул гьарула ниж. Эдуард Цеевас, бахIарчиясул эбелалда кIалъалелъул, инсул цIарги абула - Дина Тимофеевна. Дица гьелда Дина-адайилан абула. Унго-унгоги, гьелъие нижги рокьулел куц! ГIадатияй чIужугIаданалъе ниж хутIила лъималлъун. ЦохIо вукIарав васас каранда лъураб сунцаниги нахъе хъвагIалареб бухIиялъул цIайи бигьалъула гьелъие, ниж рачIиндал.



**ГIедегIулев вуго «ХIамилгIиналде» Андрей Смирнов**

Майкопалда вугев гьесул рагъулав гьудул, Россиялъул БахIарчи Эдуард Цеевасе гьев хутIана вацлъун, - ан бицунеб бугоан видеороликалда Андрейица.

Щвана Андрейги Евгенияги Дагъистаналде. Рахана гьел «ХIамилгIиналде». РакIалде щвезаруна 1999 соналъ гьелъул тIогьазда жидерго гIумру тарал Россиялъул БахIарзазул цIарал. Долдаса нахъе ана 25 сон. Ина жегиги 35…, 45…, 60…, 80…, 100… сонал. Амма даимлъиялде арал гьунараз нилъеда ракIалде щвезарила бахIарчияб Дагъистаналъул халкъалда цадахъ мугIрузул улкаялъул эркенлъи цIунун хварал Россиялъул васазул цIаралги.

Гьелъулъ буго гIемермиллатазулаб Россиялъул халкъазул берцинлъиги.

*Шамай ХЪАЗАНБИЕВА*



**Андрей ва Евгения Смирновал МухIамад ва ПатIимат ШагIбановагун цадахъ «ХIамилгIиналде» сапаралъ**

# КIиго директорасул дандчIвай

**Газеталдасан гIемер хъвала СВОялда ругезулги гьезул хъизамазулги хIакъалъулъ. Хъван букIана ВатIаналде къоккедал, рагъул майданалде аразул тIоцевесев, Къорода росдал школалъул директор Мурад Багиловасул хIакъалъулъги.**

**Дагъал церегIан къоязда редакциялъулгун бухьен гьабуна Мурадица ва бицана цоги директорасулгун дандчIвай кканин абун. Гьев ватана ЦIумада районалъул Хъварщи росулъа Герейхан ГIубайдулаев.**

**Ункъо лъимадул эмен, СВОялде инчIого чIаниги, дуда тIадаблъун букIун батиларин абидал, ВатIаналде къоккедал жив гIадал гIолохъаби росабалъ рахчун тIуралларин абуна Герейханица гьесулгун бухьен гьабидал.**

**- Герейхан, гьенивe иналдаса рукIбухIунго вукIуниш, тIадвуссине бокьун бугищ?**

- ИнчIого вукIараванин цо къоялъги ккечIо ракIалде. ТIадвуссине бокьун буго бергьенлъигун, ракIги гIодобе биччан. Жакъа ватIаналъе ниж хIажат руго. Дие хъизан-лъималги рокьула, школаги хIалтIиги бокьула, амма тIоцебесеб бакIалда ватIан буго. Жакъа гIумру кьунги, гьеб цIунизе тIадаб буго нижеда.

**- Директорлъиги гьабун, берцинго дурго хIалтIуда вукIарав мун рагъул майданалде унев вугин абидал, хъизаналъ кин кьабул гьабураб?**

- Гьел цин божуларого рукIана. Дица бичIчIизабуна ине кколеблъи. Дун гIадал гIолохъаби, васал, росал, вацал гьенир ругин абун. Нужеца щиб бицаниги, дун инчIого чIоларин, нух битIагийиланги абун, берцинго витIеян лъазабуна дица гьезда.

**- Дагъистаналдаса яги цоги бакIаздаса битIараб гуманитарияб кумек, лъималазул кагътал щолищ нужехъе?**

- Щола, гьел щведал цIакъ ракIги бохула. Хасго ватIаналдаса кагътал рачIингун, рекIее лъикIаб асар лъугьуна. БитIараб кумекги щола.

**- Квен, ретIел яги цоги камураб жо щиб бугеб?**

- РетIелги квенги буго. Гьаб рагъ бугелъул, кинабго рекъон букIинищха, амма зигардизе ккараб хIал гьечIо.

**- Рагъ лъугIиялъул хабарго гьечIищ, щиб бицунеб бугеб нужер рахъалда?**

- Харбал батIи-батIиял руго. Киналго сваканги руго, рагъги лъугIун кидадай тIадруссинаян ракIги букIуна. Хъул буго гьанже гIемер халатбахъинареб батилин абун.

*ПатIимат МУХIАМАЕВА*



**Баян:**

**Герейханов ГIубайдула гьавуна ЦIумада районалъул Хъварщи росулъ.**

**2000 соналда лъугIизабуна Буйнакскиялъул педколледж. ЦIали лъугIигун, байбихьул классазул учительлъун хIалтIана. Гьебго сональ армиялде ахIана ва ВатIаналда цебе тIадаб борч тIубана.**

**Армиялдаса тIадвуссиндал, школалъул хIалтIуде лъугьана. 2009 соналда ДГУялъул биологиялъул факультеталде цIализе лъугьана. 2015 соналда университетги лъугIун, школалде тIадвуссарав гьев директорасул заместительлъун тIамуна ва цадахъго биологиялъул ва химиялъул дарсал кьуна.**

**2021 соналъул сентябралда Герейхан тIамуна Хонохъ росдал школалъул ва ясли-ахалъул директорлъун.**

**2022 соналъул октябралда, СВОялде ритIизе мобилизация лъазабуна ва ЦIумада районалъул рагъулаб комиссариаталдасан гьевги ана.**

**Герейхан вуго взводалъул командирасул заместитель, сержант. Щвана кIиго грамота ва СВОялъул гIахьалчиясул медаль.**

# МагIарул росабалъ руго гIадамал

Хвалил бадиве мун, хIинкъи гьечIого,
КъвакIун балагьана бахIарчияб ракI.
ЦохIо росу гуро – тIолго Дагъистан,
Россия цIунизе кьурулъун чIана.

ГIадатияв инсан, росдал бегавул,
ГIумарасхIаб, дуца бихьизабуна
Кин цIунизе кколеб хирияб ВатIан,
Ракълилав чиясул къадругун намус.

ЦIумада, ЦIумада, хирияб ВатIан,
ЦIумазул тIавапалъ берцин гьабураб.
РекIей хIалхьи кьолел рорхатал мугIрул
«Гьаб – дир Дагъистанин!» боржуна гьаракь.

МугIрул борхалъуда чIухIараб росу,
Гьигьалъин цIар бугеб баракатаб ракь.
ГIумарасхIаб, дуе бищун хирияб,
РакI гIодоб биччалеб гIагараб свери.

МагIарул росабалъ руго гIадамал –
ГIадатиял чагIи, чIухIи лъаларел,
ТIадегIанасулгун бухьен щулиял,
Месед-гIарацалъухъ намус бичичIел.

Как ахIулеб рагIун, ракIал рагъулел,
Рокъоб хазиналъун Къуръан рикIкIунел,
Хвезе рукIин даим кIочон толарел,
Садакъа гьабидал, ракI гIатIилъулел.

Гьигьалъ тIогьир ругел тIадмагIарулал,
ЦIар арал гIалимал гIемер рахъарал,
Имам Шамилида хьолбохъ эхетун,
Тарихалде арал дур наибзаби.

КIудияв гIалимчи РотIол МухIамад,
Дур мавлид – хазина гьал наслабазе.
Гьеб жеги цIалула Дагъистаналъул
ГIелму хиралъарав щивав гIалимас.

Шайхулисламил баракаталъин
Гьаб росу жакъаги цIунулеб бугеб.
ХIажардибир, кьучIав диналъул хIуби
Росу батиларо дур цIар рагIичIеб.

ГIабдулагьдибирги Шамхалдибирги –
Чанги цIарал руго цIунун гIадамаз.
ГIалимзаби гIураб росу цIунулел,




ЦIа гIадал васалги рахъана гьенир.

КIикъого соналда имамлъи гьабун,
Росабалъе щолев ГIисадибирги –
ГIумарасхIабилги кIудияв эмен –
ТIолго районалда ракIалда вуго.

Чорокаб чакмаялъ кавуги рагьун,
ВатIаналде тушман вачIараб мехалъ,
ГIазимухIамадги вас ГIабдулагьгун
ГIисадибирилал кьалде рахъана.

Инсул вац ГIабдула, вас ГIисадибир
Свана гьезул чирахъ чияр ракьалда.
КIудияб рагъдаса руссинчIо нахъе,
ВатIаналъе гIоло гIумру кьуна гьез.

Лъукъ-лъукъун вуссана, ГIумарасхIабги,
Рагъдаса дур эмен- ГъазимухIамад;
Къалул майданалда бох тун вуссана,
БахIарчилъиялъухъ медальги босун.

ГIатIиракьалдасан, Бузнаса нухккун,
Лъелго унев вуго лъукъарав солдат.
Рагъда цо бох тарав, тIилиде ваччун,
МагIарул росулъе вуго вачIунев.

РитIухълъи, эркенлъи, ВатIан цIунарав
Инсуе дуцаги къулула бетIер.
Рагъдаса вуссарав лъукъарав солдат, -
Свине гьечIеб гьунар гьабурав эмен.

БахIарчияв солдат, дуда релълъарал
Лъугьине бокьилин диргоги васал,
Гьунар кIоченаро, мун кIоченаро
Даимлъила дурги бахIарчияб цIар.

Рагъул солдатазул ссун унаро цIа,
ЦIар-цIарккун киналго рехсезе анищ.
Къо кедал, яхI рехун течIел бахIарзал,
Эмен, дудаса дун чIухIарав вугин.

Бузнаса нухги ккун, гIедегIун вуго
Хъизан-лъималахъе гIащикъав эмен,
Тушбаби гъурулев рагъда рос вукIун,
Рукъ цIунарай лъади духъ урхъун йиго.

ХутIараб дур гIумру, гIалимасул вас,
Лъималазда Къуръан малъулеб ана,
ГъазимухIамадил берцинаб гIумру
Иманги щулияб, налъи тIубараб.

Къварилъи-захIмалъи бихьарал улбул,-
Кинабго батаги шапагIаталъе.
ЗахIматал соналгун къваридал къоял
Къиямасеб къоялъ кирилъун хъваги.

ГъазимухIамадилгун Меседол рокъоб
КIудияб рохеллъун – вас гьавураб къо.
ГIумарасхIабилан цIар ахIулаго,
Иман щулиявлъун лъугьаян гьари.

Малъизе кколаро дир улкаялда,
Рокъов вас гьавуни, вижудасаго
БахIарчи вуго гьев магIарул росулъ.
БахIарчи-бихьинчи – магIна цо буго.

БахIарчилъи рекIелъ гьечIев бихьинчи –
Бихьинчилъун гьанив гьев рикIкIунаро.
ВатIаналъул тIалаб тIаде босичIев
ХIалихьатин тола дир улкаялда.

*Сабигат МУХIАМАДОВА*

# Наслабазе сайигъат

**Араб гIасруялъул 90-абилел соназдаса нахъе байбихьана нилъер гIадамаз араб мехалде, росабазул тарих цIехеялде кIвар кьезе. Тарихалъул гIалимзабаз гуребги, гIагараб ракьалде рокьи цIикIкIарал учительзабаз, гIадатиял гIадамаз, гIагараб ракьалъул тарих лъазабулез цIех-рех гьабун, къватIире рачIана жиде-жидер росабазул хIакъалъулъ хъварал тIахьал.**




Дагъистаналда магIарулазул буго, гIодоблъиялда гIурал цIиял росаби рикIкIинчIого, тIубанго чIунтизе тараб лъабкъогогIан росу малъичIого, 518 росу. Гьездаса 90-гIан росдал рахъалъ тIахьал рахьун къватIире рачIана.

БатIи-батIияб даражаялъул ругониги, гьенир рагьулел руго росабазул араб ва жакъасеб тарих, гIадамазул рукIа-рахьин, гIумру, яшав, гIадатал, росабалъ ругел тухум-кьибилал, гьениса рахъарал диниял ва дунявиял гIалимзаби, цогидал машгьурал гIадамал.

Гьаб араб июль моцIалъул 28 къоялда Казбек районалъул Хубар росулъ тIобитIана гьеб росдал тарихалъул хIакъалъулъ ГIабдуразакъ ХIусеновас хъвараб: «Истинный Хубар и хубарцы» абураб тIехьалъул цебелъей. ГIадат хIисабалда, цебе къватIибе бачIараб тарихалъул букIа, кучIдузул букIа, тIахьазул автораз цебелъей гьабизе ахIула слабазе сайгъатлъун букIине бугеб гьеб тарихияб тIехь. ГI. ХIусеновасдаги баркана тIехь къватIибе бачIин гуребги, гIумрудул 75 сон тIубайги.

«Комсомолалъул, партиялъул тIоцевесев секретарълъун хIалтIулаго Казбек район цебетIеялъе кIудияб хIалтIи гьабуна ГIабдуразакъица, - ян абуна Ю. Салимхановас. МустахIикъаб хIалхьиялде арав гьев, гIадада чIун гьечIо. Гьале росдал рахъалъги ва ракIалдещвеязулги кIиго тIехь хъван буго. Жеги халатал гIумрудул соналги, щулияб сахлъиги дуе, ГIабдуразахъ Алавудинович».

РекIее асар гьабулеб кIалъай букIана ГI. ХIусеновасул классцояй Бариyат МазакIовалъул. Гьелъ ракIалде щвезаруна школалда цадахъ цIалулаго арал сонал, школалъул гIумруялдаса цо-цо лахIзатал.

ГIабдуразакъгун цадахъ хIалтIарав гьесул гьалмагъ Хабиев ХIайбулаца тIадчIей гьабумузул захIматаб ва бахIарчияб тарих, дагьлъулел руго рахьдал мацI лъалел ва бицунел, палхIасил, унел руго рухIияб хъарцинлъиялде. Гьеб рахъалъ хубаразул жакъасеб гIелалъе ва хадур гIолел наслабазе мисал босизе багьа тIадегIанаб сайгъатлъун, кьиматаб васигатлъун бугин абизе бегьула гьеб тIехь.

«Жакъасеб ва гIолеб гIелалъул, Хубар росдае гуребги Салатавиялъул цогидал росабазеги кIудияб лъугьа-бахьин ккола ГIабдуразакъил тIехь, - ан абуна районалъул херазул советалъул председатель Сайрудин Нуралиевас. - Щайгурелъул гьениб бицен гьабулеб буго нилъер мухъалъул цогидал росабазулги, Салатавиялъул эркенаб жамагIаталъул батIи-батIиял заманабазда Дагъистаналъул тарихалда гьез тараб лъалкIалъул. Гьадинал тIахьаздалъун куцазе ккола гIолилал ВатIан бокьизеги, гьелъие ритIухъаллъун рукIинеги. Дида лъикI лъала ГIабдуразакъ КПССалъул райкомалъул тIоцевесев секретарълъун, гьелда цебе районалъул халкъияб хъаравуллъиялъул комитеталъул председательлъун хIалтIулеб мех. Иш лъалев, бажари бугев гIуцIарухъан вукIана гьев».

Гьавураб къоги, тIехь къватIибе бачIинги ГI. ХIусеновасда баркун кIалъана Салатавиялъул машгьурав краевед, гIагараб ракь лъазабулев чи Апанди Дадаев. Хубар росдал хIакъалъулъ хъвараб тIехьалъе тIадегIанаб кьимат кьуна гьес ва тIехьалъул автор тарихиял гIелмабазул доктор абураб цIаралъе мустахIикъав вугин абуна.

ХIакъикъаталдаги некIсияб заманалдаса жакъасеб къоялде щвезегIан авторас цIехон ва рагьун буго Хубар росдал тарих. Росдал тарихалъул бицунеб буго Салатавиялъул, магIарулазул ва тIолабго Дагъистаналъул тарихалда бухьинабун. БитIун абуни, гьеб тIехь буго Хубар росдал хIакъалъулъ хъвараб энциклопедия.

Хубар росу буго некIсияб чилайдул нух (Великий шелковый путь) жидер ракьалдаса унеб букIараб Салатавиялъул жавгъар гIадаб берцинаб тIабигIаталъул гьайбатаб бокIон.

Салатавиялдасан ана скифалги Тимурги. 17 нухалда хисизе ккун буго хубараз росу. Щай абуни щибаб нухалда гочарулел къавмаз вахIшияб лъалкI тана Салатавиялдаго гIадин Хубаралдаги.

ТIехьалда бицунеб буго XIX гIасруялда эркенлъиялъе ва чияда рачIолъиялъе гIоло имамзабазул нухмалъиялда гьоркь унеб букIараб Кавказалъул рагъда хубаразул гIахьаллъиялъул, Салатавиялъул эркенал жамагIатазул боялда хубаразул гIумруяшавалъул. МухIканго бицунеб буго кьокъаб шаригIаталъул, хIуригаталъул соназда росулъ букIараб ахIвал-хIалалъул.

Хасал бутIабаздеги бикьун, бицен гьабулеб буго росулъа рахъарал диниялги светиялги машгьурал гIадамазул, кьун буго росдал тухумазул генеология, росдал ракьазул цIаралаги лъун карта, МахIачхъалаялде, миллияб библиотекаялде.

ГIагараб росдал хIакъалъулъ хъвараб тIехьалъул цебелъей гIагараб росулъ тIобитIи гьеб букIана берцинаблъун, магIна нур бугеблъун, тIадегIанаб гIадатлъилъун.

ТIехьалъул цебелъеялде рачIун рукIана росу тун къватIир ругелги хубарал, районцоял, ГIабдуразакъил гьудул-гьалмагълъи, гьалбал.

Тадбир нухда бачарав Республикаялъул жамгIияб палатаялъул комиссиялъул председатель Юкрудин Салимхановас хубаразда баркана на тIадаб хIалтIи тIубалаго гьесул букIараб мухIканлъиялда, цIикIкIараб жавабчилъиялда, кьураб рагIи ккевялда. Гьудул-гьалмагълъиялда гьоркьов ГIабдуразакъ вукIана ракIбацIцIадав, кидаго кумекалъе хIадурав. Гьесда рихараб букIана хиянат, кIигъумерчилъи, тIадегIанав хIакимасе хIелиян абуна ХI. Хабиевас.

Гьаб хехаб технологиялъул цебетIеялъул гIасруялда гIолеб буго арабги лъалареб, бугелъе битIараб кьиматги кьезе лъалареб, букIинеселъул ургъелги гьечIеб гIел. Гьезда лъалеб гьечIо уму-



Расул ХIамзатов ГIабдуразакъ ХIусеновасухъ гьоболлъухъ Казбек районалда

**Баян**

**ХIусенов ГIабдуразакъ гьавуна Казбек районалъул Хубар росулъ. Школа лъугIун хадув цIалана Каспийскиялъул профтехучилищеялда, хадув цIализе лъугьана Таганрогалъул пединституталде. Гьеб лъугIигун, дагьаб мехалъ школалдаги хIалтIун, вачана ВЛКСМалъул Казбек райкомалде, вукIана гьенив тIоцевесев секретарълъун. Хадув вачана КПССалъул Казбек районалъул гIуцIиялъул отделалъул заведующийлъун, райкомалъул секретарълъун. ХIалтIана районалъул халкъияб хъаравуллъиялъул комитеталъул председательлъун. ВукIана КПССалъул Дагъистан обкомалъул инструкторлъун. 1983 -1989 соназда хIалтIана партиялъул Казбек райкомалъул тIоцевесев секретарълъун.**

**Партиялъул хIалтIиялдаса ун хадув вукIана ДАССРалъул Министрабазул Советалъул председателасул гIакълучилъун. Хадув ОАО «Дагънефть» цолъиялъул генералияв директорасул заместительлъун, «Дагънефтьиндустрия» ОАОялъул генералияв директорлъун.**

**Заочно цIалун лъугIизабуна Дагъсельхозинститут, Ростовалъул тIадегIанаб партшкола.**

**Гьев ккола экономикиял гIелмабазул кандидат, информатикаялъул халкъазда гьоркьосеб Академиялъул член-корреспондент.**

росулъ мадраса, школа рагьи.

Хубар росулъа 156 чияс гIахьаллъи гьабуна КIудияб ВатIаниияб рагъда. Гьездаса кьалул майданалда хутIана 107 чи. ГьабсагIаталда униб бугеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулев вуго Хубаралдаса 25 гIолохъанчи.

ГI. ХIусеновас гIатIидго пайда босун буго архивазул документаздаса, баяназдаса. ТIехь бечед гьабун буго авторасул, росдал гIумруялдаса ва гIадамазул суратаз.

Данделъиялда тIехьалъул автор ва юбиляр хIисабалда ГI. ХIусеновасе гьудул-гьалмагъзабаз кьуна баркалаги шапакъаталги.

«Родной Дагестан» жамгIияб багъа-бачариялъул рахъалдасан гьезул вакил Северияб Кавказалда бугеб Россиялъул поэзиялъул академиялъул филиалалъул директор, шагIир МухIамад Насрулаевас ГIабдуразакъ ХIусеновасул каранда бана «Народный герой Дагестана» абураб медаль. Хъвадарухъан, шагIир Париза Гереевалъ цIалана ракьцоясе сайгъат гьабураб кечI.

**Дун гьаюраб, гIураб, гIагараб росдал**
**Сурат рагIабазгун бахъулеб мехалъ**
**Божи букIунаан бокIон хутIичIин,**
**Дица хал гьабичIеб, дун тIад сверичIеб.**

**Росдал харабазул бицунеб мехалъ**
**Кколаан дида гьел рекIехъе лъалин,**
**Гьезул тIабигIатги гIамал-яшаги**
**ГIезегIан якъинго къватIибе кьунин.**

**Гьединан кколаан «Унго-унгояб**
**Хубар ва хубарал» кодоб щвезегIан,**
**ГIадица жиндирго ракIалдещвеял**
**Щибаб хIужа рагьун, цебе лъезегIан.**

**Гьанже кIиябго квер нилъалзукьги чIван,**
**Пикрабалъ йиго дун, дир тIалъиялъул**
**ТIахьазда жанисан, чIагоял гIадин,**
**РачIун аскIор чIарал махлукъаталъул.**

**Дун гьел тIахьаз, квер ккун арал къояхъе**
**Ячана «гьале дур лъимерлъи»,-йилан**
**Лъалеб букIанщинаб, кIочарабщинаб**
**Бихьизе гьабуна «гьале гьабги», - ян.**

**Дун гьел цIалулелъул росдал тIалабалъ**
**Тирана, хIатIида пинкь бахъинегIан,**
**Нусго соналъ щвечIел нухал, лъарахъе,**
**Лъелго ана, свакан, гIодой ккезегIан.**

**Классцоял, курсцоял, пишацадахъал,**
**Цебесеб гIагарлъи, гIунарал занал,**
**ГIазухIалаб хасел, хинаб рии-их.**
**Унго, нахъа тараб нухлул халалъи!**

**Салатавиялъул тарих рагьарав,**
**Росдал тухумазул кьучIде ваккарав,**
**Кьалда тIагIаразул, гIалимзабазул**
**ГIажаибго берцин бицине кIварав.**

**Баркала буго дуй, бетIер къуларав,**
**Росдал архивалде жанир рачиндал,**
**Жиндий багьа гьечIеб, хазинадул ах**
**Хадусеб гIелалъе гIезе гьабидал.**

**Анкьумумузул цIар цIигьабуралъухъ**
**ЦIар дур алжаналъул нуцIида хъваги,**
**ЦIар-рецц цIехечIого гьабураб хIалтIухъ**
**ХIарп рикIкIун баракат тIаде чвахаги.**

Гьебго тадбиралда цебелъей букIана ГIабдуразакъ ХIусеновасул кIиабилеб ракIалдещвеялъул тIехьалъулги: «Книга воспоминаний, не стертые из памяти временем» абураб.

Гьелда авторас бицунеб буго жиндирго гIумрудул нухалъул, батIи-батIияб хIалтIабазда хIалтIулаго дандчIварал гIадамазул, лъугьа-бахъиназул, цадахъ хIалтIаразул, гьудул-гьалмагъзабазул.

Гьездасан рехселин Расул ХIамзатовасулгун гьесул букIараб хьизамалъулаб гьудуллъиялъул. РакIалдещвеязул тIехьалда ГI. ХIусеновас хасаб бутIа кьун буго кIудияв шагIирасулгун букIараб гьоркьоблъиялъул ва гьудуллъиялъул. ГIабдуразакъица жиндирго васасда лъун буго Расул абун цIарги.

Р. ХIамзатовас жиндир цIар кьурав васасде гьабураб кечIги, цадахъ бахъараб суратги лъун буго тIехьалда.

***Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ***

## СУАЛАЛ-ЖАВАБАЛ

***ХIурматиял газета цIалулел! Жавабал щвезе бокьарал суалал нужер ратани, гьел ритIизе бегьула редакциялъул гьаб электронияб почалде - istina@etnomediadag.ru яги телефоналъул гьаб номералде (Вацап, СМС) 8988-465-90-34***

**МахIачхъала шагьаралдаса Мусаев АхIмадица цIехолеб буго: «Дие цIакъ бокьула магIарул мацIалда «ГIаданги, гIамалги, заманги» абураб телепередача. Цебе гьеб бихьизабулаан РГВКялдасан ва Россия-24 каналалдасан. Гьанже гьел каналазда гьеб передача букIунеб гьечIо. Гьелъул мухIканлъи лъазе бокьилаан».**

*Гьаб суалалъе гьадинаб жаваб кьуна гьеб передача бачуней Хатимат МухIамадовалъ:*

- «ГIаданги, гIамалги, заманги» абулеб телепередача бихьизабула РГВКялдасан, хамиз къоялъ къаси анкьго тIубазе 15 минут хутIидал ва рузман къоялъ радал микьгоялде 15 минут хIалтIидал. Гьеб киданиги Россия-24 каналалъ бихьизабулеб букIинчIо.

АхIмадил суалалъул хIисаб гьабидал, бичIчIулеб буго, гьесул телевизоралъул каналал цIигьаризе заман щун букIин.

**«Кредит бецIизе абун, пенсионерасул социалиял выплатабазда тIаса гIарац гьоркь ккезе ихтияр бугищ?»**

*Гьаб суалалъе жаваб кьуна адвокат Шамил МухIамадовас:*

- 2013 соналъул 28 декабралда къабул гьабураб №400-ФЗ законалъул 29 статьяялъул ункъабилеб ва №229-ФЗ законалъул 99 статьяялъул кIиабилеб бутIабазда рекъон, ихтияр букIуна пенсионерасул страховияб пенсиялъул 50 проценталдаса цIикIкIинчIеб къадар тIаса ккезе. Судалъул пристав-исполнителас чIезабула тIаса ккезе бегьулеб гIарцул роцен. Роцен чIезабулаго, приставас хIисабалде босула пенсионерасе ва гьесул хъизамалъе гIумру гьабиялъе щолеб доход. Пенсия гуреб, цоги тIаде бачIунеб доход батичIони, гьелда тIаса гIарац ккезе бегьуларо.

**«Цее йикIарай дир лъади лъугьун йиго, ригьин гьабилалдего дица босун букIараб минаялдаса жиндиего бутIа тIалаб гьабизе. Законалъ гьениб лъил рахъкколеб?»**

*Гьаб суалалъе жаваб кьуна адвокат Шамил МухIамадовас:*

- РФялъул Хъизамалъул кодексалъул 36-аб. статьяялъул тIоцебесеб пункталъул кьучIалда, ригьин гьабилалде данде гьабун букIараб бечелъи, гьединго, мина-рукъ рикIкIуна гьесул жиндирго хасаб буголъилъун. ГьединлъидаI дур йикIарай лъади лъугьине бегьуларо гьеб минаялда дагIба базе. Амма минаялда харжал гьариялъул хIужалъун чIолеб кагъат гьелъухъ батани, хвезабураб гIарцул бащалъи гьелъухъе тIадбуссинабизе ккола.

**«Судалъ ригьин биххизе хIукму гьабун букIана. Росги дунги гьеб пикруялдаса руссана. Судалъул хIукму кин хисизабизе бегьулеб?»**

- Россиялъул гражданлъиялъул процессуалияб законалда рекъон, ригьин биххизе судалъ хIукму гьабун хадуб гьеб официалияб куцалда тасдикъ гьабула. Амма, судалъул хIукмуялдаса хадуб нужее ригьин биххизе бокьичIони, хIукму хисизабеян, судалде хитIаб гьабизе бегьула.

**Хунзахъ районалъул ГьацIалухъ росулъа кIиабилеб группаялъул инвалид ХIайбулаев Камилица цIехолеб буго: «Лъазе бокьилаан лъие чIобого рокъобе щвезегIан газ бачунебали?»**

*Гьаб суалалъе жаваб кьуна МахIачхъалаялда бугеб газалъул идараялъул бетIерай консультант Мусаева ГIашураца:*

- 2021 соналъул 21 апрелалдаса хадуб живго бетIергьанаб мина-рукъалъул хважаинас къотIиги гьабун, рокъобе газ бачун батани, 2022 соналъул анлъабилеб апрелалда ДРялъул хIукуматалъ къабул гьабураб №68 хIукмуялда рекъон, гьесул ихтияр букIуна гьелда тIад арал харжазул рецIел тIалаб гьабизе. Амма гьеб хIукмуялда рекъон рецIел кьола цого-цо мина–рукъалде газ бачараб гIарцул хIисаб гьабун ва гьелъул роцен нусазарго гъурщидаса цIикIкIине бегьуларо.

Гьеб рецIел щвезе хитIаб гьабизе ккола гIумру гьабун вугеб бакIалъул социалияб рахъалъ цIуниялъул управлениялде.

**Каспийск шагьаралдаса ГIалиев Набигулаца цIехолеб буго: «Хабар буго 70 сон барав чиясе коммуналиял хъулухъазухъ кьураб гIарцул рецIел кьолин абураб. Дица бана 78 сон, амма кьолеб жо бихьулеб гьечIо».**

- Законалда рекъон 70 сонил ригьалдаса тIаде арав пенсионерас жиндирго харжалдаса коммуналиял хъулухъазухъ ЖКХялъе кьезе кколеб мухьалда тIад хвезабизе ккола 22 проценталде щвезегIан доход. Гьелда тIад униб гIарац 22 проценталдаса цIикIкIунеб бугони, гьесие букIуна субсидия. Гьединго 70 сон барав пенсионерасе букIуна коммуналиял хъулухъазухъ кьолеб гIарцул 50 процентаалъулаб бигьалъиги. Гьеб щвезелъун гьес хитIаб гьабизе ккола бакIалъулаб социалияб фондалде яги МФЦялде.



Гьеб гуребги, Дагъистаналда пенсионеразе саламатал бигьалъаби рукIуна гIемертIалаял минабазул квартирабазда капиталияб ремонт гьабизеян бакIарулеб гIарцул рахъалъги.

70 сон барал хIалтIуларел пенсионеразе ва ЗахIматалъул ветераназе букIуна 50 проценталъул бигьалъи. 80 сон барал пенсионеразе - 100 процентаалъулаб бигьалъи.

***Нури НУРИЕВ***

# Дур кучIдузул улка хIикматаб буго

**МухIамад, дур асараз асир гъаюрай дие асар хIикматаб щвана, гIолилльиялъ къвал бана. ТIад-тIадюссун, дур тIохьол тIанчал регулей йиго, пикраби магIарухъе гьоболлъухъ унел руго.**

**МагIарулазул сипат цебе бачIунеб буго, дур пандрида чIвабзазул кьури бихьараб мехалъ. ВатIаналде роржунел дур саринал цIалидал, цIаруцIуна анищал росдал махIалъухъ урхьун.**

**ГIагараб ракьалдаса рикIкIад вугонаниги, дурго кьалбал кIоченчIев, аслу рекIелъ цIунарав, Сочинский, дур кучIдузул улка хIикматаб буго, цIалдолезул ракIазулъ жидеца лъалкIал толеб.**

**ЦIидасан щолей йиго дун гIагараб росулъе, янгъизго хутIун бугеб инсул минаялъухъе. Дуца каранлъ бакараб гьелегьараб гIищкъул цIа цIидасанги кунчIана гIагараб росдал гъасда…**



**Сочиялъул къватIахъ тIегьарал гъутIби,**
**Бицинарищ киса каранлъ пашманлъи?**
**Кидаго гIурччинал гьал кипарисал,**
**Сундухъ инагьдилеб ургьиб гьинал ракI?**

**Хириял ракьцоял - дагъистаниял,**
**Босе дир рахъалъан урхьараб салам.**
**Огь, дир гьудулзаби, рикIкIе кидаго,**
**РикIкIад вугониги, рекIелъ нуж ругин!**

***МухIамад НурмухIамадов (Сочинский)***

## ШагIирасул тIармил чIвабзазул ахIи…

МухIамад НурмухIамадов. Сочинский. МагIарул адабияталде жиндирго шигIрабазул улкагун, таваккалго галиги тIамун вачIарав шагIир-кочIохъан. Кинабха гьеб бугеб, М. НурмухIамадовасул кучIдузул улка. Гьалеха дица бегулеб буго шагIир ва кочIохъан, ЧIарада районалъул Гьочоб росулъа МухIамад НурмухIамадовасул **«Дир ракI мугIрузда буго»** абураб цIаралда гъоркь дагъаб цебе къватIибе бачIараб тIоцебесеб тIехь. Гьениб асаразда гьелегьун рекIун буго Дагъистаналдеги, гIагараб росуракьалдеги, гIагарлъиялдеги, гьудул-гьалмагълъиялдеги, чIужугIаданалдеги бугеб гIищкъул цIа. Гьеб цIадухъ хинлъизе магIарулал ахIулеб шагIирасул пандрил чIвабзазухъ гIенеккидал, рекIелъ рещтIунарищ гIадатияб росдал гIадатияб рукIа-рахьин. Щивха урхъуларев росдал годекIабазухъги гьениб рагIулеб гIакъилаб каламалъухъги, пандрида рачунел хIикматал бакъназ тIадбуссинабуларищ кидаялго нилъеца кверхьвагIун тараб, гьанже жиндир щибаб лахIзаталъухъ нилъ урхъараб магIарулльиялъул гьайбатаб сипат. Гьесие рахIат толеб гьечIо, нагагьлъун чIвабиги тIун хутIани, тIармил хадусеб къисматалъ:

**- Дица бокIнидаса тIамурги босун,**
**КIутIун чIваби руго рекъезарулел.**
**Гьелда цо магIарул бакъанги бачун,**
**РукIинесел къояхъ вуго гьоболлъухъ…**

**Щвараб мугIрул гIурулъ иццул лъим гIадин,**
**ЛъугIун тIагIинебищ дир мацIги цIарги.**
**ТIамурги, чIваби тIун, тIад хIурги бетун,**
**Телебищ наслуялъ дица тун хадуб.**
**(«Дица бокIнидаса тIамурги босун…»)**

Гьаб хадусеб кечI цIалидал, унго-унгоги цебе бачIунарищ гьуинаб лъимерлъиги гIанчIаб балугълъиги. ГIумруялъ, жиндирго савуялъул хъахIал расенал ботIрол расазда угьулелъул, каранда жаниб бакIги гIоларого, гIолохъанлъиялъул чангитги бан, хIалуцун кIетIолеб рекIел чIвабзаз талихIалъул саринал рачунелъулги, «хъван балеб гIаздаца гъуни реханиги», «хасел цебе букIин» бичIчIизе бокьизехъинги гьечIо. Къвалакь ихги ккун, гIолохъанлъиялде тIадруссараб гIадаб асар кколарищ?

**- Иццул чилчилиялъ, лъарал чвахиялъ**
**Ахх бачунеб гьаркьихъ кьижизе кканищ?**
**Кьурабазда тIасан тIерхьун моцI индал,**
**Хьулазулъ баккулеб бакъухъ урхъанищ?**

**Дурго гIумруялъул хаслихълъи щведал,**
**ХъахIлъарал расазул хIисаб гьабунищ?**
**Хъван балеб гIаздаца гIуни рехараб**
**Хасел цебе букIин ракIалде кканищ?**

ГIумруялъул ихалъул хIалги дагълъун, цин - гьелъул хасалихълъиялъул ва циндаго хаслихълъиялъул гIицIлъиялде данде унаго, нилъер хьулал гIедегIула гIагараб росулъе, гьелъул сухъмахъазухъе:

**- Дир лъимерлъи араб авал батана,**
**Мал хIалтIуларого тараб нух гIадин,**
**Инсул минаялда ва мадугьалихъ**
**Рахарал каваби, кирталги далун.**

**МугъчIвазе бокьана биххараб къеда,**
**КьучI умумуз лъураб лъалеб букIиналъ.**
**Лъалаго хIал кьуна росдал рагIалда**
**Ункъабго хабзазул агьлуялъ дие…**

ГIедегIула нилъ умумузул заназде ургъел бикьизеги, гьезда къвалги бан, цохIо параялъ гIунун хутIизеги. Огь, кватIун ккарай дун гьезда тIасалъугьайилан абизеги. Гьеб «заназул рохьоб» бугебщинаб пашманлъиги ракI гьанцIизабулеб сихIкъотIиги. Щайдай ракI танкун унеб, гIагарал заназдe цее щведал. БикьичIого хутIараб ургъалил цIадги бала гьаниб, гьеб цIадал щибаб тIирилъулъ батула дирго магIил бухIиги:

**- МагIулъун зодихъа бецIцIулеб цIадалъ**
**ЦIидасан занаби руго чурулел.**
**Биччараб харилъа хабзалазда тIад**
**ТIугьдул, дихъ ралагьун, руго пашманго.**

**Гьанир рукъаразулъ лъалел гIемерал,**
**ГIага-божаралги гьудулзабиги…**
**Гьез дунял тезегIан заман батичIев,**
**Заназдехун рокьи бикьулев дунги…**

ГьитIинаб ватIаналдаса рикIкIад гIумру гьабун вугониги, шагIирасда цебесаго унеб гьечIо магIарул росулъ букIунеб гьайбатаб рогьелги, даимаб рогьелълъун жиндие хутIизе ругел росдал нухалги. Гьеле гьел нухаздасан хIинкъадго тIоцересел галабиги тIамулаго, сапар бухьуна нилъеца кIудияб дунялалде. Гьелъул карачелазде данде лъедолаго, нилъее кумекалъе ратула дол, росулъан байбихьарал нухал. МухIамадил гьаб хадусеб кечI цIалидалги, цIидасан пикрабалъ ТIанусий щвана. Ва гIумруялъул рогьел лъалъалеб щубил къатIрабилъун лъугьана дие гьесул асаралдаса гьал мухьалги:

**- Роол гьогьомараб гьайбатаб рогьел,**
**Регьел гIун, гIурччинлъун гIалахъал, мучIдул.**
**ЧIурканлъи камилаб тIабигIаталда,**
**ТIуван гьорлъе восун, росдал магьилъ дун…**

**Цогияб рахъалде чвахи хисараб,**
**Цебесеб гIурумухъ гIадин сверухълъи.**
**РикIкIада хъудулеб, хьинсалъ багъулеб,**
**ГIурул сас гIадинал ракIалдещвеял…**




**Яги:**

Росульеги щун, тIадюссун унелъул, нухарегIизе рахъарал мугIрузухъ нахъ-нахъюссун чанго нухалда ялагьула дун. Ва рекIел тIинда рекIун чIараб гьитIинабго пашманлъиялъ сири базабула черхалдаго – тIокIалъ рихьиладай дида гьал мугIрул, щвеладай гьазухъе тIокIалъ тIадюссун!?

**- Унго, чан нухалда нух битIагиян,**
**Нухда регIарав дун росуцояца.**
**Цинги росу рагIал…квер босулелъул,**
**Чан насихIат кьураб, гIакълу малъараб…**

**ГIагараб росулъе гIедегIула ракI,**
**РикIкIаде кканиги, киве щваниги.**
**Росуцоял, нужгун вуго пикрабалъ,**
**БатIияб бакIалда вукIананиги…**

М. НурмухIамадовасул гьаб хадусеб асаралъги нилъеда ракIалде щвезабулеб буго миллаталъул тарихги тарихалде арал машгьурал магIарулазул къисаги. Гьелдаго цадахъ авторас бихьизабулеб буго согIал кьурабазулги тIадегIанал мугIрузулги тарбия щварал магIарулазул даимлъиялде араб бахIарчилъиги:

**- Игьалиб бахъараб танчил кьвагьиялъ,**
**Кьураби, бице нуж сорозаричIищ?**
**Элдариласул кечI, «жергъен гьартидал»,**
**Дандерижияца цоцахъе кьечIищ?**

**МагIу тIун гIодичIищ, гIасилъи бихьун,**
**Нухаялда аскIор нуж, чIегIернакIкIал,**
**ЧIартица гуллбузул ругьнал рацараб,**
**Цо черх ботIродаса батIалъулелъул?!**

ЦIаланагIан, цIализе рокьулел асаралги, беганагIан, бегизе бокьулеб тIехьги… Гьаб гьитIинабго макьалаги лъугIизе толеб буго шагIирасул тIармил чIвабзазул аслиябльун бугеб ахIиялдалъун:

**- Дир анкьумумуца ургъараб тIагIел -**
**ТIармил кьимат хвараб кьо букIунгеги!**
**Накабазда гьеб лъун, наку бачунел**
**Наслабазулъ гьечIеб мех бачIунгеги!**

**Хвел гьечIел бахIарзаз, рухIал кьун, хъвараб,**
**ИяхI-намусалъул, гьунар-цIаралъул,**
**ТIармица беццараб, хонжрод бикIараб,**
**КIочон хутIугеги халкъалъул тарих!**

**Умумуз рохалий тараб кечI-бакъан**
**Гьоркьоб къотIиялъе къадар хъвагеги!**
**Къадру тIадегIанаб магIарул калам,**
**КочIодалъун ахIун, хIакъ батугеги!**

**РачIунел гIелазул цIиял кучIдузулъ**
**Камугеги бутIа авар мацIалъул!**
**Цоцада тIадги чIван ахIулеб кечIгун**
**Цолъи щулалъаги нилъер халкъалъул!**

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА***

# ЧIохъ росу ва тарих

**Россиялъул батIи-батIиял шагьаразда гIумру гьабулеб буго чIахъадерица. Москваялдагун Санкт-Петербургалда, Сибиралъул шагьараздагун росабалъ хIалтIулел руго ЧIохъа тохтурзаби, педагогал, инженерал, гIалимзаби. Руго гьел Европаялда, Турциялда, Сириялда ва Бакъбаккул цогидал улкабазда. Киб гIумру гьабун ругониги, санайил рачIуна гьел гIагараб росдал къо кIодо гьабизе.**

**Щибаб соналда байрам гIуцIула ва тIобитIула машгьурав ракьцоясул хIурматалда. Исана байрам тIобитIизе буго имам Шамилил наибзабазул цояв Муса-хIажил, ГIинкъав-хIажил ва Закари Нахибашевасул хIурматалда.**


Закари


Муса-хIажи

## Тарихалда тараб лъалкI

Жакъасеб ЧIохъ росу лъугьиналде гьелъул ракьалда букIана 12 кули: Гергел, Панус, Бихник, Росдал-ада, СагIадул-кула, ХIодоб ва гь. ц. Хадурккун гьел киналго цолъана ва гIуцIана ЧIохъ росу. Гьениб гIумру гьабулеб букIана рехсарал кулабаздаса 12 тухумалъ. Гьеб букIана VIII гIасру –Абулмуслим шайих нилъер ракьалде вачIараб заман.

ЧIахъадерил тарих бечедаб буго биценаздалъунги. Гьезул цо тема ккола Дагъистаналъул мугIрузда бихьинчиясул берцинлъиялъул игIланлъун лъугьарав Камалил Башир. Гьеб росулъа рахъана Дагъистаналдаго машгьурал бахIарчиял рагъухъабиги, гIалимзабиги, лъай кьеялъулгун маданияталъул хIаракатчагIиги. ГIагараб росдал эркенлъи цIунун, ЧIохъа рагъухъаби рагъана монголазде дандеги, рахъана Надир-шагьасул богун рагъизеги, Кавказалъул рагъулъ борхатго ккуна Шамил имамасул байрахъги. ЧIохъа гIемерал гIолохъаби хутIана кьалул майданазда – гIурус-турк, гIурус-япон, Дунялалъул тIоцебесеб, гражданияб ва КIудияб ВатIанияб рагъазул сонazда.

КIудияб бахIарчилъигун рагъана чIахъадерил гIолохъаби Надир-шагьасулгун 1741 соналъул сентябралда ГIандаллъиялда букIараб рагъулъ. Гьеб рагъул бахIарзазул цIарал цIунун хутIун руго тарихалдаги – Дайтилавги Мадилавги. Шамилил нухмалъиялда гьоркь гьабураб кьеркьеялъул тарихалдаги ЧIохъ росдаца тана кIудияб лъалкI. Гьеб чанцIулго букIана аслиял рагъазул бакIлъун. Хасго ракIалда чIолеблъун лъугьана 1849 соналда ккараб рагъ: имамасул гьазизабазда цадахъ чIахъадерица цIунана гIагараб росу ва гьениса лъутизавуна генерал Аргьутинский. Имамасе ракIбацIцIадго хъулухъ гьабуна ЧIохъа наибзабаз: ГIинкъав-хIажияс, ГIинкъав ИсмагIилица, Муса-хIажияс, Закарица, Манижал Мусаца. «Шамилил хIажкалъулъ берда бихьарасул хабар» абураб къисаялъул автор ХIажигIали Нахибашев вукIана Имаматалъул контрразведкаялъул нухмалъулевлъун. Шамил имамасул гIагарлъи букIана чIахъадерил цо-цо тухумазулгун. Имамасул кIудияв вас ГъазимухIамадица ячун йикIана Кавказалдаго машгьурав яргъил устар Давудиласул яс. ГьитIинав вас МухIамад-ШапигIица ячун йикIана ГIинкъав-хIажиясул яс Аминат.

## «Офицерзабазул росу»

Россиялда гьоркьобе Дагъистан бачун хадуб ЧIохъа вахъана 70 офицер, гьезда гьоркьоса 11 полковник. Гьел жигаралда гIахьаллъана гIемерал рагъулал лъугьа-бахъиназулъ. «Офицерзабазул росу» лъугьана мугIрузул улкаялъе хIажатал махщелчагIи куцалеб бакIлъун. Гъуниб округалъул начальниклъун вукIана МухIамад Мамалов, Кюри ва Дарги округазул – ГIумар Къарнаилов, участокалъул начальниклъун (наиблъун) – Исрапил Мусаев (Кумухалдагун Къарахъ), ЖахIбар Мусаев (Хунзахъ), Мирза-МухIамад Шагьназаров (Кули), МухIамад Гъазалиев (КъахIиб), МухIамад-Шарип Маликов (ГIахьвахъ), ГIали-ХIажи ГIалиев (Ахти), МуртузгIали Нахибашев (Анцухъ), ЧIухIил ХIусенов (Хьайтагъ). Даниял Мавраев вукIана эскадроналъул командирлъун, ГIалибутай (Алтай) Нахибашев – Дагъистаналъул рекIаразул полкалъул бригадаялъул командирлъун, МухIамад Мусаев – ЦIияб Баязет полкалъул командирлъун, ГIабдулкъадир КIибичев – Ровно шагьаралъул гарнизоналъул командирлъун, гьесул эмен – Нижний Новгород шагьаралъул полкалъул командирлъун.

ЧIохъа рахъана къватIисел улкабазул рагъулал нухмалъулелги: МухIаммад-Пазил-паша – Турциялъул маршал, гьесул вас Гъази Дагъистани – ГIиракъалъул генерал, Ататюркил ищщоязул цоявлъун вукIарав МухIамад Мусаев – Турциялъул генерал.

Советияб заманалда ЧIохъа гIемерал гIадамал хIалтIулел рукIана республикаялъул советиялгун партиялъулал ва лъай кьеялъул идарабазда. Гьезул цо-цоял ккана репрессиязда гьоркье – МухIамад Шарапилов, ХIурияв Билалов, Имамуса Къулдуев, МухIамад Мамаев, ГIали-ХIажи Шагьназаров, ХIасан Нахибашев ва цогидалги.

КIудияб ВатIанияб рагъдаги гIахьаллъи гьабуна чIахъадерил гIезегIан чияс. Гьел мустахIикълъана орденазегун медалазе. Даим кьалул майданалда хутIана 200 чи.

## Машгьурал росуцоял

Гьебго заманалда чIахьал жигаралда хIалтIана тылалдаги. Республикаялдаго бищун кIудияб вамагIишатлъун рикIкIунеб ГIумаров-Чохскиясул колхозалдаса рахъана машгьурал захIматчагIи. Гьезда гьоркьор рукIана машгьурал боцIухъаби - ГIумар Пакъалов, Асадула ХIожокъов, МухIамаднур Къурачев, Ибрагьим ХIусенов, ГIалигьилич ТахIнаев, ГIабдулгIазиз Мачаев; церетIурал дояркаби Аминат ГIисалова (Социалистияб ЗахIматалъул БахIарчи) ва Луизат ГIисахIажиева. «Дагестанская горная» абураб тайпаялъул гIи гIезабуралъухъ колхозалъул председатель Ислам Исламовасеги вехь ГIумар Пакъаловасеги кьуна Пачалихъияб премия.

ЧIохъа рахъана машгьурал диниял гIалимзабиги. Гьезул цIар тIибитIана Дагъистаналдаги республика тун къватIибги: ЧIохъа МахIад, ГIабдулхIажияв, ГIабдулатIип, МухIамадтIагьир ал-ЧIохъи, АбакархIажияв.


ЧIохъ росу

Республикаялъул сахлъи цIуниялдагун лъай кьеялда ва маданияталда кIудияб бутIа лъуна сахлъи цIуниялъул наркомлъунги медицинаялъул институталъул тIоцевесев директорлъунги вукIарав Муслим Нахибашевас, МуртузагIали Дибировас, профессор ХIажи-ГIумар Булачица; лъай кьеялъул хIаракатчагIи-педагогал Тату Булачица, ГIабдулкъадир Мусаевас, ХIажи Шагьназаровас, Салман МахIачевас, ХIасан Мадиевас, ПатIимат Маликовалъ, ХIамзат Заловас, ГIайшат КIибичевалъ, Сапиюла ГIумаровас, ИманшапигI Шагьназаровас, ЖахIбар Саламовас, Гьилич Хархаровас, ХIасан-Къади Идармачевас, Гульжагьан Мадиевалъ, Шагьрузат Шарапиловалъ ва гIемерал цогидазги.

Дагъистаналда тIахьал рахьиялъулъ кIудияб бутIа лъуна МухIамад-Мирза Мавраевас. Гьес Темир-хан-Шураялда тIоцебе рагьана типография ва байбихьана миллиял мацIазда тIахьалгун газетал рахьизе. Хасавюрталда цогидаб типография рагьана ИбнахIажар Нахибашевасги.

ЧIухIула чIахьал машгьурал спортсменал-ракьцояздасаги. Гьезда гьоркьов рехсола эркенаб гугариялъул рахъалъ дунялалъул щуцIул чемпион ГIали ГIалиев, Дагъистаналъулги, Россиялъулги, СССРалъулги чемпионал, халкъазда гьоркьосел турниразда бергьенлъи босарал МухIамад Рамазанов, Имам-Гъази Гъазалиев, Квасил-ХIасан ХIасанов, ЖахIбар Мусаев, Клим Мусаев, вацал ГIабдула ва ГIабдурашид Шагьназаровал, Мурад Мачаев, эмен ва вас Къурачевал, вацал Жапар ва АхIмад Шагьназаровал, Даниял ГIалиев, ХIажи ИсмагIилов, Дибир Дибиров, ГIусман МахIачев, Зайнудин ХIалимов, Мирза ХIасанов. КIудияб машгьурлъи щвана эркенаб гугариялъул тренерал МухIамад Дибировасе ва Къасум Насрудиновасе.

Республикаялда тIибитIана машгьурав шагIир ХIажи Заловасул, кочIохъан Муи ХIасановалъул, артистал ГIарипула Махаевасул ва МухIамадрасул Багъдуловасул, композиторал ТIагьир Къурачевасул ва Ибрагьим Ибрагьимовасул, искусствовед Парукъ Дебировасул цIаралги.

ЧIохъ росулъа предпринимателаз жигараб гIахьаллъи гьабуна ва гьабулеб буго республикаялъул экономикияб рахъ цебетIезабиялъулъги. Гьединаздасан ккола Абусупьян Хархаров, Зиявудин ГIабдурахIманов ва гIемерал цогидал.

Гьанир рехсарал чIахьал ва гьезул наслаби кидаго гIахьаллъула гIагараб росдал къо кIодо гьабиялъул байрамалдаги. Гьезда кIочон гьечIо ЧIохъ росдал тарих. Гьез гьеб гьираялда бицуна гIолеб гIелалъеги.

*Закаря НАХИБАШЕВ,*
*тарихиял гIелмабазул доктор, профессор, ДРялъул гIелмуялъул мустахIикъав хIаракатчи*

# МагI къабичIого бараб ресторанги, Сталинил дачаги, «маргъабазул дунялги»

**КъватIиса рачIарал туристаз цIун гIагараб Дагъистанги тун, букIа-бахъаянги абун, пикру ккана хIухьбахъи гьабизе Абхазиялде ине.**

**Гьениса рачIаралин абун цIар гьабун бицунел мандаринал кун гурони, гьереси бицун щай, дида гьеб гIажаибаб бакIалъул хIакъалъулъ щибго лъалароан.**

**ПалхIасил, суратазда бихьун хиял лъураб тIабигIаталъулгун гьава-бакъалъулги лазат босизе, цIияб-лъикIабги бихьизе, лъазе къватIиве вахъана. ДунгогIадал Дагъистаналдаса кинавниги 15 туристги вукIана нижер къокъаялда. Сапар бухьунеб букIана «Басир тур» ва «Анжи-трайвл» абурал турфирмабазул вакилзабаз гIуцIараб программаялда рекъон.**

ТIубараб сордо-къо бана нухда. Гьенире унаго лъалхъана Шималияб Кавказалъул батIи-батIиял республикабазда. Гьениб бихьизе бугебщиналъул хиялазда, ихтилат-кепалда, кьурди-хъаталда рачIунел нижеда гьеб нух халатаблъунцин бихьичIо.

Абхазиялъул гIорхъи бахиндал, гIурччинлъиялъ сверун ккуна ниж. БатIи-батIиял тайпабазул гъутIби, чIахI-хер, тIугьдул…Сверухъ балагьун берго гIорцIулеб букIинчIо. Рарал рукъзал сверунги, хIатта тIохдегицин ххарун ун букIана гьениб гIурччинлъи.

ТIоцебесеб чIей гьабуна «Гагрипш» рестораналда цебе. Гьенир рукIараз бицана, гьеб ресторан балаго цониги магI ялъуни маххул кесек хIалтIизабичIин. 1902 соналда Скандинавиялдаса цоцалъа бахъ-бахъун бачIун буго кIудияб сагIатги цадахъ бугеб гьеб мина Абхазиялде ва гьенибго бакIарунги буго. 1903 соналда бан лъугIараб гьеб рестораналде, жидер заманалда щвана император НикIалай КIиабилев, Сталин, Бунин, Горький, Шаляпин ва цогидалги.

Радал мехги букIун, кванил нигIматазул хIалбихьизе жанире ине щвечIо, къватIисанго балагьун гурони.

ГIемераб мех балалдего ниж щвана ЦIияб Афон шагьаралде. Гьениб букIана нижер чIейги. Нилъер гьанир ругел шагьараздаса гIезегIанго батIияб бакI буго гьеб. КIудияб гьечIеб, гIемерал гIадамаз гIумру гьабулареб, гIицIго гьалбадерида бихьизе жидерго ракьалъул тIабигIиялги тарихиялги экспонатал жанире ракIарараб музеялда релъ-лъун буго гьеб.

Халатбахъараб нухдаса хадуб дагьалъго хIухьбахъиги гьабун, Абхазиялдаса гид Шэридагун цадахъ нижеца сапар бухьана Сталинил букIараб дачаялде.

ГIемерал тIагIалаби жанире ракIарараб музей гьечIониги, гIезегIан интересал баянал лъана нижеда гьенир. Масала, гьединабго щуго дача букIун буго гьесул гьениб. Гьел киназдаго гьоркьоса, цIикIкIарасеб мех ниж араб ЦIияб Афоналъул килисаялда аскIоб бугеб дачаялда бан буго гьес. Гьениб цохIо хIухьбахъиялъе гурелги, хIалтIи нухда бачинеги чIезарун рукIун руго ресал.

КIвар бугел данделъаби тIоритIулеб, халатккараб столги лъураб зал бугоан гьениб. Амма бицана, данделъаби тIоритIулелъул, киназдаго рихьулеб бакIалда бакьулъ гурев, гIадамазда гьоркьов, столалъул халалъухъе «Сибиралъул пейзаж» абураб сураталда дандбитIун гIодов чIолаанин. Нагагь, ургьиб рекъолареб хабар ккани, вуцIцIухIунги чIун, гьеб сураталде килищ битIулеб букIун буго гьес.

Бугоан чанго кьижулеб рукъги. РогьинегIан, лъабго рукъ хисараб мехги букIунаанин гьесулин бицана музеялъул хIалтIухъабаз.

ЧIегIераб ралъдадаса гIемер рикIкIада гьечIеб бакI бугониги, ралъдахъе инчIого, гьениса турбабиги лъун, лъим тIаде къабулеб хIал гьабун букIунго буго гьесие.

Гьениса гIемер рикIкIад гьечIеб бакIалда буго берцинаб чвахукьбакIги.



Дагъистаниял - Абхазиялда

Къасиялдехун ниж рачана ЦIияб Афоналда бугеб нохъоде. ЧIухIараб, чанго тIала бугеб минаялде щведал, бихьулеб бакIалдацин букIинчIо нохъо. Цо заманалдасан электричкаялда рекIинарун, щуго минуталъгIаги рекIун ана. Цинги дагь-дагъккун щвана нохъодеги. Гьале доб, унго-унгояб маргъабазул дунял: бакI-бакIазда, бокIназда ракарал чирахъал гурого, щибго канлъи жаниб гьечIеб, гIажаибаб сипаталъул ганчIазул цIураб.

ГьитIинабго бакI батилин гьаб нохъоян рукIарал ниж, сагIатгун бащдалъ сверана гьенир жанир.

Цебе заманалда, халкъиял бицеязда рекъон, лъалеб букIун буго Ивер мегIералъул хьибилалда цо гъваридаб кIкIал букIин. Амма лъилнилги таваккал гIолеб букIун гьечIо гьенире жанире лъугьине.

1961 соналъ 16 сон барав Афоналдаса гIолохъанчи кварги цIан, 35 метр гъварилъи бугеб кIкIалахъе лъугьуна. Гьев ккола машгьурав спелеолог, художник, скульптор – Гиви Смыр. Амма хасаб алат-къоно цадахъ гьечIого, тIиналде ине гьесухъа бажаруларо. Гьелдаса хадуб Гивиги спелеологазул къокъаги жанире лъугьуна 139 метр гъварилъи бугеб кIкIалахъе. Гьениб гьезда батула ракьуда гъоркь бугеб «гIажаибаб дунял».

Гьелдаса хадуб, гIемерал гIелмиял цIех-рехалги хIалтIабиги гьарун, пикру ккола гьеб гIажаибаб бакIалде гIадамалги балагьизе рачIунедухъ шартIал чIезаризе. Гьедин, 1975 соналъ рагьана гьеб бакI.

Гьеб рикIкIуна дунялалдаго ругел ракьулъ ругел нохъабазул бищунго кIудияблъун.

Нохъода жаниб буго «Анатолия» абураб, 26 метр гъварилъи бугеб хIорги, гьединго 1250 кв. м. кIодолъиялда бугеб «ХъахIилаб хIорги».

ЦIияб Афоналъул нохъода жаниб буго ичIго зал. Гьезда гьоркьобги бищунго кIудияблъун рикIкIуна 260 метр халалъи, 50 метр борхалъи ва 75 метр гIеблъи бугеб «Маджахиров» зал.

Нохъодул халалъи 3300 метралде бахуна.

Буго гьениб концертал тIоритIулеб зал, гIелмияб лаборатория. Щибаб залалъ батIи-батIияб асар гьабулеб букIана. Масала, цо залалда ругел ганчIал батIи-батIиял гIалхул хIайваназул сипатазда релълъунел рукIана.

ПалхIасил, гIажаибаб асаргун тIадруссана ракьулъ бугеб «гIажаибаб дунялалдаса».

КIиабилеб къоялъул программа цIакъго интересаб букIана.

Нижеца сапар бухьунеб букIана «Рица» абураб хIорихъе. Гьенире унаго нухда ниж лъалхъана чагъир, хIан, гьоцIо гьабулел бакIаздаги. Гьенибги гьез бицана гьел тIагIамал гьариялъул цо-цо хаслъабазул ва балъголъабазул.

Щвана «Рахьдал чвахело» абун цIар бугеб чвахукьеги.

Гьале, квеш-лъикI щвана «Рицаялъухъе». Цоцалъ гъункун гъутIби тIад рижарал керчал мугIрузул квенчIелалда гIадин букIана тIаде ралагьани тIину бихьулеб «Рица» хIор. Катералдаги рекIун, чаналиго сверигиги бахъана нижеца гьениб.

Нахъисеб къоялъ ниж ана Абхазиялъул тахшагьар Сухумиялде.

Сверухъ бугеб тIабигIаталъе зарал ккеларедухъ ран руго гьенир минабиги. Цо-цо минабазда рихьулеб рукIана картIал. Гидалъ бицана, 1992-1993 соназда гуржиязулгун ккараб тунка-гIусиялъул заманалда букIараб кьвагьа-гIанхъиялъул лъалкIал ругин гьел. Киса-кирго ругоан гьеб рагъулъ гIахьаллъи гьабурал бахIарзазул сураталги.

Щвана Сухумалъул ботаникияб ахикьеги. 1838 соналда рагьараб ахикь жакъа гIезабулеб буго щуазаргогIан гъветI, хъархъал, тIегьхер. Масала, гьениб букIана 250-ялдасаги цIикIкIун сон бараб, 20 метр борхалъи бугеб гьадил гъветIги.

Сверана тахшагьаралъул къватIахъги. Берцинаб архитектураялъул, цоцазда релълъинчIел минаби гIемер рукIана гьенир. Амма абизе ккола, масала, МахIачхъалаялда гIадин, гали бахъа-бахъаралъур тукаби ялъуни цогидал дармилал бакIал рукIинчIин гьенирилан.

Къаси 11 тIубан хадуб, гIемерисел тукабиги, ашбазалги, цогидал хIухьбахъиялъул бакIал къалел руго.

Абхазиялъул щибаб бокIнида вукIанщинав туристасул бицун хIал кIвеларо! Амма гьелъухъ балагьичIого, цIакъ гIодобе биччараб ахIвал-хIал букIана гьениб. Гьалдолеб гIумру бугеб МахIачхъалаялдаса рачIарал нижеда гIадлъулебцин букIана къасимехалъ къотIнов къанагIатги чи дандчIвалев вукIинчIеб мехалъ.

Жалго гIадамалги гьенир руго гIадатиял, ракI рагьарал ва гIодоре риччарал. Дагъистаналдаса ругин абидал, батIияб адаб-хъатир гьабулеб букIана гьез нижер, босулеб-толеб жоялъулъ тIаса гIарацгицин бахъулаан.

ПалхIасил, лъикIаб хIухьбахъиги гьабун тIадруссана ниж гIагараб республикаялде. Хьул буго, бищун цебе нилъеегоги, хадуб - къойил тIаде рачIунел гьалбадерида бихьизеги нилъецаги цIунилин нилъерго тIабигIиябгун тарихияб хазина.

*МухIамад МАНАПОВ*

# РекIел пикрабазул гучаб карачел



**ПатIимат АБАКАРОВА,
РФялъул культураялъул
мустахIикъай хIалтIухъан**

**Пикруги, магIуги, кечIги бижизабула лъугьа-бахъиналъ, инсанасда буго хIалалъ. Кинаб кечI кочIохъанас ахIулеб батаниги, гьелда релълъараб букIуна халкъги. Рагъулъ бергьенлъиялда церехун инеги, церехъабазул кьерда чIун къалда хIалтIизеги нилъее кидаго кумек гьабула кунчIи меседилаб адабияталъул кочIохъабаз.**

Гьедин батани, щайха жакъа кечI хIарамаблъун лъугьараб? Дагъистаналъул халкъияв артист Абакар Жамалудиновас ахIулеб «Росу рагIалда буго ахир дун вуссунеб рукъ» абураб кечI рагIидал, муфтияталъул кIудияс гьарун буго гьеб кечI гIемер ахIеян. Сценаялдаса эбел хиралъизе, халкъалъул адаб гьабизе, ВатIан бокьизе, улкаялде ккараб къо борхизабиялъул, лъикIалде гIадамал ахIулев кочIохъанасдаса ракIбацIцIадав чи щив вукIине рес бугеб?

Аллагьас нилъ киналго хвезе рижарал руго. Гьарураб къоялдаса нахъе дин нилъер чорхолъ бессун букIинеги ккола. Жакъа биччани - гьабун, метер гьукъани - толеб жойищ букIунеб дин? БачIунеб гIел щай нилъеца махIрум гьабулеб дунялалъул берцинлъиялдаса? Щиб рухIияб рахъ нилъеца гьезие толеб бугеб?

Цебе Авар театр бачIиналъухъ лъагIалица балагьун чIолаан, гьанже щай театр къабул гьабурабин кIалгьикъи щун буго нижер росулъ йигей хIалтIухъаналъе. Гьев чийин абуни живго туристазе тимар гьабулев вуго.

Кире нилъ унел ругел? ХIисаб гьабе, цо къо телевизор, телефон гьечIого – гьебги гурищ культура? ГIицIго кьурди-кечI гуро культура, гьеб буго гIадамасул вукIа-вахъин, вижи, гIадамазда гьоркьоб гьудуллъи, гьоболлъи, вацлъи, яцлъи, чилъи, хIалимлъи, хIеренлъи. Гьелде гурищ кочIохъанас ахIулел?

ХIисаб гьабидал, чан хутIун вугев кочIохъан, щив вугев гIун бачIунеб гIелалъул кечI ахIулев чи, гьунар-махщел гьечIогойищ? Церехун тIоритIулаан хасал тадбирал: «Мы ищем таланты» абун. «ЧIагояб классикаялда» кучIдул цIализецин гьукъулел руго лъимал, кигIан гьезие бокьаниги. Школазда музыкаялъул дарсал гьечIо, киса-кирего искусствоялъул школалцин къалел руго.

Школазда дагь гьаруна рахьдал мацIазул дарсал. МацI гьечIони, миллат букIунаро. ЦIакъ захIмат буго хIалтIизе мугIалимзабазе: васалги ясалги цо партаялда нахъа чIезе бегьулареб, музыкаялъул дарсал кьезе бегьуларел, кучIдул цIализе бегьуларел – кингIаги гьел хIалтIизе кколел? Риххун унел культуриял кIалгIаби, лъие гьениве ине бокьилеб? Щиб нилъеца толеб бугеб гIун бачIунеб гIелалъе? Гьезда лъаларо щив кколев Халилбег Мусаясул, щай ГIанхил Маринил кIал букъараб, щал кколел Муи ХIасанова, ГIайшат Мазалова, Асият Якъубова, МухIамадтIамир Синдикъов, ТIагьир Къурачев. Лъица ахираб заманалда цIалараб художествияб литература? Кинабгоги гьукъун дунялалъул берцинлъиялдаса щай махIрум гьарулел? Гьелъул куркьбал къотIизе ихтияр бугебдай нилъер?

Нижеда цадахъ хIалтIулев вуго Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан ХIайбула Асиялов, кIиябго рахъ гьес берцинго нухда бачунеб куц, гьев унаан школалде лъималазда пандур хъвазе малъизе. Гьанже гьенире лъимал гьукъун руго эбел-инсуца.

ГIумру бокьайин, ракьалде адаб гьабейилан гурищ нилъ умумуз тарал.

*ГIумру гьечIони, кечI гьечIеб кинигин,*
*КечI гьечIеб гIумруги кIваричIо дие,*
*КочIоца гIумруги, гIумруялъ кечIги*
*Цоцаца гIуцIизе хиял буго дир,* - абун хъвана Р. ХIамзатовас. КIудияв шагIирасда тIей гьечIого бухьараб букIана гъунисезул гIумру. ЛъагIалица балагьун рукIунаан «ХъахIал къункърабазул» байрамалде гьев вачIиналъухъ. Щайдайха жакъа гьесул шигIраби ахIизе хIарамлъун ккарал? Гьесие гIадинаб берцинаб хвел лъие щвараб? БетIергьанас гьунарал кьун ругел нилъер ракIал гIатIид гьаризе, гIумру бечед гьабизе гурищ?

Цо-цо росабазул бегавулзабаз, масала, Ругъжаб – ХIажимухIамадов МухIамадица, БацIада – Замалов Русланица, СалтIа – Каримов Шамилица (хIалтIудаса нахъе ине гIарза кьун бугин рагIана гьес, амма Шамил гIадав бегавул щвей щакаб буго), МохIоб – МухIамадов Исрапилица, ЧIохъ – НурмухIамадов НурмухIамадица, ГIобох – ГIалиев ХIажица хIаракат бахъулеб буго культуриял учреждениял цIуниялъе, гьениб гIадамазе хIухьбахъизе щартIал чIезариялъе.

Дагьаб цебе Хъизаналъул соналда хурхун кIудиял тадбирал тIоритIана СалтIа, ГIобох, Ругъжаб, ЧIохъ росабазул культуриял рукъзабахъ. Газета гьоркьобккун баркала загьир гьабизе бокьун буго тIадехун рехсарал росабазул бегавулзабазе, директорзаби – МухIамадова Жавагьие, ГIалиева Хатуние, ГьитIинасулова ПатIинае, Дибирова Салиматие. РакIалде ккола, гьездаса мисалги босун, цогидал росабалъги гьединал тадбирал тIоритIилин абун.

Гьеле гьединаб буго жакъасеб къоялъул къваридаб къисмат. Бокьилаан газета цIалулез гьаб макъалаялда хурхун жидерго пикрабиги загьир гьаруни.

# Лъималги умумулги

***(Цебесеб 30-абилеб номералда)***

Лъималазе тIоцебесеб мисаллъун ккола эбел-эмен. Гьезие битIараб тарбия щвеялъе эбел-инсул хьвада-чIвадиялъул ва гIамал-хасияталъул кIвар цIикIкIараб букIуна. Япониязул кици буго, «Лъималазе инсул букIунеб асар мугIруздаса борхатаб, эбелалъул асар океаналдаса гъваридаб», - абун.

Бищун цебе лъимадуе асар гьабула инсулги эбелалъулги цоцаздехун бугеб недегьаб гьоркьоблъиялъ. Эбел-инсуца щибниги жо гьабеян цоцаздехун яги цогидав чиясдехун абулеб мехалъ, гьел хIеренго ва цIар абун кIалъазе лъикIаб буго. КIалъалелъулги, каламалда гьоркьор рекъарал бакIазда адабалъул рагIаби, масала, «гьарула», «дуе талихI кьеги», «дуе захIмалъичIони», «баркала» гIадал, ракI батулел рагIаби хIалтIизаризе хIажалъула. Гьез калам берцин гьабула, хадур лъималги ругьунлъула гьедин гьабизе.

Кинго рекъон букIунаро росас лъадуде «йо, херай» яги гьесде лъадуца «ле, херав» абун ахIизе. КигIан захIматаб хIалалде кканиги, лъималазда цебе эбел-инсуца гIемераб захIмалъи, къварилъи баччула.

Лъималазе тарбия щвеялъе квешаб асар гьабула эбел-инсуца гьезда цересан цогидал гIадамал какулел, гьезде хьандолел ругони; жидецаго гьереси бицунеб яги гьереси бицине лъимал тIамулел ругони.

Эбел-инсул налъи ккола жидерго лъимал захIмат бокьулеллъун ругьун гьари. Лъимал гьитIинго куцазе ккола цогидал лъималаздехун гьудулгьалмагълъиялда ралагьулел, хIайваназде, хIинчI-къедалде рокьи бугел, гьезда гурхIулел, хIажалъи ккараб бакIалда гьезие кумекалъе ратулел чагIилъун рукIине.



ТIабигIат бокьи ва гьеб цIуни щивав инсанасул борч букIин лъималазда лъикIго лъазе ккола. Ратула цо-цо эбел-эмен, кIудаби, азбаралда, пастIаниб, ахикь бугеб гъветI-хералдаса тIамах тIуниги, жидерго лъималазде семулел, ахIи-хIур бахъинабулел, амма шагьаралъул яги росдал къотIноб, ахикь чIун бугеб тIегь, гъветI мерхьаниги, гьитIинаб гIун бачIунеб бугеб гъотIол гIаркьел бекизабуниги гьезда рагIицин абуларел, гьеб бихьичIеб ххвел гьабун толел. Гьеб чIахIиязул мекъаб, заралияб хасият ккола.

ГIадлу-низам ва берцинаб хьвада-чIвади лъималазулъ куцай ккола бищун цебе эбел-инсул ва хадуб цогидазулги борч. Лъималазда гIицIго «бегьуларо» абурабги гIоларо. Гьезда бицине ккола гьеб жо гьабизе щай бегьуларебали. Гьеб лъачIони, гьез рекъечIеб иш нахъе-нахъеги гьабизе бегьула.

Эбел-инсуцаги, чIахIиязги, учительзабазги кIвар кьезе ккола школалъул гIумруялда ругел цо-цо лъималаз гьарулел гьагал расандаби гьукъиялде. Гьезул рахъалъ гIемер букIуна «нух къокъгьабизе» абун къадада тIасан яги нух къазе лъураб гIералда тIасан кIанцIун унеб къагIида. Гьединаб хьвада-чIвади, хасго гьанже транспорт гIемерлъараб мехалда, хIинкъи бугеблъунги буго.

Заман бахъанагIан гIолилазда гьоркьор машгьурлъулел руго туристазулал сапарал. Гьел гIуцIулезги цадахъ ругел чIахIиязги кIвар кьезе ккола рохьоре, ралъдал рагIаллъабазде, гIурухъе, магIарде, ай кибе букIаниги сапар гьабидал, гьенир сурукъал лъалкIал тунгутIиялде. ГIодобе бараб кагъатги, чIорогоял банкабиги шушбиги бакI-бакIазда тезе бегьуларо. Жидецаго бакун букIараб цIаги свинабизе тIадаб буго.

Цебе заманалда улбуз, кIудабаз ва цогидалги чIахIияз лъимал жидехъго гIенеккизаризе гIоло, хIалае ахIулаан щайтIабиги, жундулги, богIолабиги, хъегIелабиги... Гьезул гьарулаан сурукъал, лъимал биценихъего жидекьа хIинкъулел тайпаялъул сипатал. Лъимал хIинкъизарулаан сардил бецIлъиялдасаги. Гьеб мекъаб нух буго. Лъималазе кьезе ккола битIараб, хIакъикъаталда дандекколеб, гIелмуялда кьучI лъураб, ракIбохараб, бихьинчиясулаб хасияталъул тарбия.

Вас кIудияв гIунагIан цIикIкIуна инсул жавабчилъи. Инсуца малъизе ккола жиндирго васасда, гьесул гIей бихьун, бихьинчиясулъ рукIунел хасиятал. ТIалаб гьабизе ккола гьес гьел тIуразариялъулги. Эбелалъулги руго яс кIудияй гIунагIан цIикIкIунел, гьей куцаялъул шартIал. Цо-цо хъизамалда кIвар кьоларо ясалъул ретIа-къаялде, якIа-яхариялде, гьелъул гьудулзабазде. Амма гьеб кинабго лъай кIвар бугеб жо ккола. Гьелъ кумек гьабула гьезие битIараб тарбия кьеялъе.

Васалго гIадин, ясалги киданиги гогьдаризаризе лъикIаб букIунаро. Гьедин тарбия кьун гIурал лъимал кIалухъ рахъула, какула. Гогьдаризариялъ гьезулъ лъикIаб хасият куцаялъе заралги гьабула. Гьел лъугьуна чIухIараллъун, гIамал кIудиял тIасан ккараллъун, дандиял рикIкIунареллъун, гьезулгун махI рекъолареллъун. Гьединал лъималазул гьудулзабиги дагьал рукIуна.

***ХочомухIама ХIАМЗАТОВАСУЛ***
***«Нужеда хьвадизе лъалищ?» абураб тIехьалдаса***

## Сураталъ нугIлъи гьабула

# КIикIуниса ГIусман гIемер вихьана

ЧIарада районалъул ЦIулда росулъа дирги (185 см борхалъи) КIикIуниса ГIусманилги (207 см) лъикIаб гьоркьоблъи букIана. Гьелъие гIиллалъунги букIана 1958 соналда дун КIикIуни росдал школалда практикаялъ вукIин. Гьенив вукIаго, чанго нухалда ГIусманица гьоболлъухъ ахIунги вукIана. Гьес бицунаан жиндирго ккарал лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ.



ХIамида цIулги къан, къваридаб нухдасан унаго, гьениб машина дандчIвана гьесда. Машинаялъе нухги кьун, босун хIама цоги рахъалда лъуна ГIусманица. Машинаги чIезабун, гьениса къватIиве вахъун вачIана райисполкомалъул хIаким ГIали МухIамадович. Гьес лъай-хъвай гьабуна ГIусманилгун ва Гъуниве гьоболлъухъ ахIана.

Гьелдаса хадуб МахIачхъалаялда букIана спартакиада. Гьенире ракIарун рукIана къуватал спортсменал. ГIусман вихьидал, киналго гIажаиблъун хутIана. ТIоцеве гьев тIамуна граната рехизе. Рехана, 65 метралъ рикIкIаде, хадуб кьуна гамачI. Гьебги рехана 12 метралъ, ядроги рехана – гьенибги тIоцебесеб бакI ккуна. Хадуб ГIусманица байбихьана спорталде кIвар кьезе.

Пятигорскиялда букIана колхозазда ва совхозазда гьоркьосеб спартакиада. Гьениб ГIусмание щвана тIоцебесеб бакI ва сайгъаталъе кьуна потефон.

Хадуб ГIусманица байбихьана МахIачхъалаялда спорталъе, хасго гугариялъе ругьун гьавизе. Москваялда тIоритIулел гугариялъул къецазда гIахьаллъана гьев, гьенибги тIоцебесеб бакI босана ва чемпионлъун вахъана.

1938 соналда Гуржиялда тIобитIана гугариялъул къец. Гьенивги гьев бергьана. Кив ва кинал къецазда гIахьаллъаниги, гьесие тIоцебесеб бакI щолаан. Гьоркьохъеб Азиялъул республикабазда тIоритIарал къецаздаги гьес кидаго бергьенлъи босулаан.

1940 соналда Киевалда гьесда данде биччана борохь. Гьелъ къаркъала данде къазабунин бицунаан гьес. Кин бугониги, гьелъул щекъерги кквезе щун, борхьил къуват хвезабуна.

Кив, кинал къецазда гIахьаллъаниги, бергьенлъи босана ГIусманица. Гьесул рокъор цIунун рукIана ГIусмание щварал шапакъаталги сайгъаталги.

*ХIажи ГIУМАРОВ,*
*ЧIарада район, ЦIулда росу*

**«ХIакъикъаталъул» Телеграм-каналалда рагьун буго «МагIарул росаби» абураб рубрика.**

**Нужерго росдал хIакъалъулъ макъала ва видео-ролик битIизе бегьула «ХIакъикъаталъул» боталде @hakikatgazeta_bot яги телефоналъул номералде (ватсап): 89884365145.**

**ГIагараб росдал хIакъалъулъ бищунго лъикIал баянал рахъизе руго «ХIакъикъат» газеталъул гьурмаздаги.**

## РагIикъотI



**ГIебеде:** 1. Дагъистаналъул район. 6. Кварил гури. 8. РухIчIагольи. 11. Ахираб сапар. 12. Машгъурлъарай принцесса. 13. ЧIужугIаданалда цIар. 16. БотIрол «бечелъи». 17. КIкIал. 19. ТIабигIаталъул цо бутIа. 20. Гьаракь. 22. Лага. 25. ТIорщел. 29. Сардил хIинчI. 30. ЦIулал алат. 31. Росдал «гIакълабазул гьансито». 32. Анкьил къо. 33. Ихдалил хIалтIи.

**ГIодобе:** 2. Партал. 3. Данделъи. 4. Хирияб гамачI. 5. Ихтияр кьолеб кагъат. 6. Кванил нигIмат. 9. ГIарцухъ ккураб бакI. 10. Баргъичалъул «бер». 14. Квалквал. 15. ТIорщалил «гъал». 16. Хъизаналъул цевехъан. 18. ГIадлу хварасе «дару». 21. Бо. 23. Дагъистаналъул росу. 24. ХIакимчиясе «сайгъат». 25. ГIабдал. 26. Урхъи. 27. ХIай. 28. ГIанкIуязул тушман.

**30-абилеб номералда лъураб рагIикъотIалъе жавабал:**

**ГIебеде:** 1. ГIомо. 3. Имам. 8.Хелекьури. 9. Махлукъат. 12. Нохъо. 13. Цевехъан. 14. Март. 17. Иблис. 18. Иту. 19. Сарин. 22. Микьир. 23. ХIарим. 27. Мурад. 28. НугI. 29. Рахас. 34 Абус. 35. Хурухъан. 36. Раса. 39. МагIданал. 40. ХIатIихинкI. 41. НуцIа. 42. Плов.

**ГIодобе:** 1. ГIолохъаби. 2. Макьу. 4. Мали. 5. МакълатIис. 6. Артек. 7. ГIарац. 8. Хоно. 10. Тату. 11. КIерт. 15. Бихьинал. 16. ХIалихьат. 20. Пил. 21. ХатI. 24. ХIурулгIин. 25. Руруй. 26. Базалияв. 30. Даим. 31. ЧIумал. 32. Ралъад. 33. ТIанкI. 37. ГарцI. 38. Хиял.

## ХIужаби ва баянал

Жирафалъул мацI гIунтIула гIиналъул жанисеб рахъалде.

* * *

КIалкIучIазда кванил тIагIам лъала квачIаздалъун.

* * *

Страусалъул бер гIадалнахалдасаги кIудияб буго.

* * *

Инсанасухъа бажарула моцIалъ кваначIого чIезе, амма анкьалъ гурони бажаруларо лъим гьечIого вукIине.

* * *

Щибаб къоялъ бацIцIадаб гьаваялда тира-сверулел ругони, лъагIалида жаниб лъабго кило тIаса рехизе рес буго.

* * *

Инсанасул чорхолъ ругел бидурихьазул гIаммаб халалъи бахуна 96000 километралде.

ХIАКЪИКЪАТ

**БетIерай редактораалъул ишал тIуразарулей**
ХIАЖИЕВА Зульфия Багъатаровна

**Заместитель**
Зикрула ИЛЬЯСОВ

**Жавабияв секретарь**
МухIамадхIабиб МАХIАТIОВ

**Отделал:**
**Тарих**
Редактор:
**Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ**
МухIамад Манапов

**Информация, политика, гIелму ва лъай кьей**
Редактор:
**Кавсарат Сулейманова**
Ашахан Юсупов
Рукъият ГIалисултанова

**РухIияб хазина**
ПатIимат СултIанмухIамадова

**Адабият**
Шамай Хъазанбиева

**Росдал магIишат**
Редактор:
**ГIабаш ГIабашилов**
ПатIимат МухIамаева

**ЦIалдолезул кагътал**
Нури Нуриев
ГIайшат ХIалакъова

**Корректорал**
Хадижат Дамаданова
ХIажи Ибранов

**Социалиял гьинал, IT-технологиял**
Эльмира Испагиева

Электрониябпочалъул адрес:
**istina@etnomediadag.ru**
**www.hakikat.info**

Заказ №____
Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:**
367018 МахIачхъала, Насрудиновасул проспект, 1-А
Газета къватIибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ 367000, МахIачхъала Пушкинил къватI, 6

«ХIАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА ГIУЦIАРАЛ:
ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство (ГБУ «Этномедиахолдинг «Дагестан»

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.
Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гIахьал гьабулеб

**Тираж - 4399**
Газеталъул индекс: 51314 (бащдаб лъагIалие)

Багьа 15 гъурущ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Заман», «Аваристан», «ХIалтIулел чагIи», «БагIарал мугIрул», «МагIарул мискинзаби», «МагIарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагIарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагIараб байрахъ».